

Yadi Kusmayadi, S.Pd.

# NGAWANGKONG NU NGAHUDANG KAPANASARAN (Kumpulan Carita Pondok)



Diterbitkan Oleh:  
Lembaga Penerbitan dan Publikasi Ilmiah (LP2I)  
Bunga Bangsa Cirebon



# **N gawangkong nu N gahudang Kapanasaran**

**(Kumpulan Carita Pondok)**

**Ku:**

**Yadi Kusmayadi, S.Pd.**

**Diterbitkan oleh:  
Lembaga Penerbitan dan Publikasi Ilmiah  
IAI Bunga Bangsa Cirebon  
Tahun 2024**

Judul Buku : Ngawangkong  
nu Ngahudang Kapanasaran  
(Kumpulan Carita Pondok)

---

Penulis : Yadi Kusmayadi, S.Pd.  
Editor : Meilina Kustrini, S.Pd.  
Lay Out : Amin Bahtiar, S.Pd  
Desain Sampul : Amin Bahtiar, S.Pd  
Penerbit : Lembaga Penerbitan dan Publikasi IAI Bunga Bangsa  
Cirebon  
Jl. Widarasari No III- Tuparev-Cirebon.  
Tlp (0231) 2462215  
E-Mail: Pustakabungabangsa@yahoo.com.  
<https://lppi.bungabangsacirebon.ac.id>

---

Hak cipta dilindungi undang-undang  
*All Right Reserved*  
Cetakan I : Juli 2024

---

v + 81 hlm; 20 cm x 14 cm  
ISBN : -

---

Dilarang keras menterjemahkan, mengcopi atau memperbanyak sebagian atau keseluruhan isi buku ini dalam bentuk apapun baik mekanik maupun elektronik, tanpa seizin tertulis dari Lembaga Penerbitan dan Publikasi Ilmiah IAI Bunga Bangsa Cirebon

---



## PANGJAJAP

*Alhamdulillahirobbilalamin, puji sinareng syukur urang sanggakeun ka Allah SWT, anu parantos ngalungsurkeun rahmat kalih hidayah-Na ku jalan maparin ni'mat séhat ka sim kuring, tiasa ngaréngsékeun kumpulan carita pondok *Ngawangkong nu Ngahudang Kapanasaran*.*

Carita pondok ieu mangrupi kumpulan carita sapopoé anu aya di sabudeureun urang. Sawaréh carita kaalaman ku nu nulis, aya ogé carita babaturan anu ditepikeun ka nu nulis, diramu nepika jadi carita anu ngahudang kapanasaran. Tina kumpulan carita pondok ieu dipiharep bisa jadi inspirasi atanapi dicokot intisarina keur kahirupan sapopoé.

Dina kasempetan ini, nu nulis ngahaturkeun nuhun ka sadaya pihak anu parantos ngabantos dugika tiasa medal buku kumpulan carita pondok ieu. Mugia Allah SWT ngabales kasaéan sadayana.

Nu nulis sadar dina buku ieu masih tebih tina sampurna. Kukituna dipiharep kritikan kanggo bahan kapayunna.

Bandung, 15 Juni 2024  
Nu nulis,  
Yadi Kusmayadi, S.Pd.



## DAFTAR EUSI

Pangjajap \_ iii

Daftar Eusi \_ iv

Guligah Dékoy\_1

Néang Jatidiri \_ 12

Keur Ngariung, Rék Hitut\_29

Panasaran ku Kopéah Ajengan \_ 31

Érwé Kuring\_ 41

Awéwé nu Ngagoda \_ 51

Néangan Ta'jil\_60

Nu Ngaharéwos \_ 69

Nu nulis \_ 79





# Uligah Dèkoy

Sapeupeuting Dèkoy nyileuk. Teu bisa sarè, mikiran si cureuleuk nu ngagoda hatè jeung pikirannana. Rèt kana jam nu nèmpèl dina tèmbok kamber. Katempo geus jam dua saparapat, rèk asup waktu janari. "Na ieu tèh asa teu puguh hatè. Seseblakan waè," gerentes Dèkoy. Dèkoy mikiran nu karandapan beurang tadi. Mimitina mah euweuh hatè nanaon. Sabab ngobrol jeung manèhna uplek, lila-lila aya rasa resep. Ngobrol nyambung, ngeunah pisan,

tepika ngeunah seuri. Bungah pisan. Dèkoy seuri sorangan, inget kana kajadiannana.

Teu karasa, kadèngè sora adan subuh. "Koy, subuh," kadèngè indung Dèkoy ngagentraan ti luar kamber nitah solat. "Muhun, Mah. Sakedap deui Dèkoy ka cai," ceuk Dèkoy bari tuluy ka cai gancang wudu, rèk ka masjid muru solat berjamaah di masigit.

Rèngsè solat, Dèkoy nangkring heula di tèras masigit bari hatèna tetep nganteng ka si manèhna. "Kumaha carana nya, kuring hayang ngedalkeun eusi hatè?" Dèkoy ngagerendeng sorangan. "Tapi..ah sieun jadi gorèng". "Lamun teu dimimitian, manèhna moal apaleun eusi hatè kuring. Iihh lieur". Dèkoy nanya, dijawab sorangan. Dèkoy ngan bisa ngira-ngira sabab acan dicobaan. Jung nangtung, terus leumpang ngajugjug ka imahna. Sapaparat jalan teu welèh mikiran pilampaheun saterusna.

Barang nepi ka imah, kapikiran ku Dèkoy carana supaya ngahampangkeun pikiran. "Naha teu nanya waè Uwa Iday atawa Mang Onon nya?". "Sugan wè bisa mèrè bongbolongan. Sabab aranjeuna geus legok tapak gentèng kadèk. Loba pangalamannana". Geus lila Dèkoy sok ngawangkong jeung Uwa Iday, ogè Mang

Onon. Jadi ngarasa geus deukeut, teu asa-asa. Remen sèring ngobrol sual pagawèan jeung kahirupan.

Teu diengkekèkeun deui, Dèkoy nyokot hapè. Tuluy mencèt nomber hapè Uwa Iday. Kadèngè sora ringtun disada, nandakeun nyambung ngan acan diangkat. Teu lila aya sora, "Assalamu'alaikum". Ku Dèkoy dijawab, "Walaikumsalam, kumaha damang, Wa?". "Alhamdulillah cageur, Koy. Kumaha di dinya sèhat?". "Alhamdulillah raga mah jagjag, Wa. Ngan pikiran jeung hatè rada teu puguh", Dèkoy ngajawab pananya Uwa Iday. "Kumaha maksudna ? Uwa mah teu ngarti". "Engkè lah Dèkoy ka Uwa". "Ayeuna wè, meungpeung keur aya Mang Onon. Kadieu bari ngopi!". Uwa Iday ngajakan Dèkoy panggih. "Siap, Wa. Di mana? Di bumi atanapi di saung biasa?". " Di saung, ambèh bèbas". "Siipp. Ayeuna Dèkoy ka dinya".

Teu dililakeun deui, Dèkoy gancang ngaluarkeun motor ti tèras imah, tuluy dipanaskeun rada digerunggerung ambèh gancang haneut. Bari nungguan manaskeun motor, Dèkoy dangdan heula sarta makè jèkèt kokojo.

Sanggeus siap, Dèkoy indit makè motor si buhun, ngajugjug saung tempat biasa Uwa Iday, Mang Onon jeung Dèkoy ngawangkong.

Teu lila Dèkoy geus nepi ka buruan saung nu dijugjug. Ti kajauhan katempo Uwa Iday jeung Mang Onon keur ngobrol duaan bari sura-seuri. Sakali-kali kaciri seurinya ngagakgak bangun ku ngeunah naker. Dèkoy mareuman motor sarta tuluy nyetandarkeun motorna. "Tah geuningan nu ditungguan tèh karèk hol," ceuk Mang Onon ka Uwa Iday. "Enya... ari budak ayeuna mah sok nyaralsè, bèda jeung jaman urang keur ngora nya." "Kadieu, Koy. Tah bisi rèk ngopi heula, " ceuk Uwa Iday bari ngasongkeun cangkir. "Hèhè..engkè wè, Wa, Mang," Dèkoy ngajawab bari nyolongkrongkeun leungeunna rèk sasalaman. Dèkoy gèk diuk di saung, rada juru ambèh ngeunah diukna bari nyarandè.

Uwa Iday jeung Mang Onon merhatikeun gerak-gerik Dèkoy. Kaciri jiga nu teu puguh rampa, salah tingkah. Sanggeus diuk Dèkoy merenah, pok Uwa Iday ngomong, "Kumaha ieu tèh, budak ngora?". "Enya, aya naon ieu tèh?. Kaciri ti tatadi jiga nu samar polah", ceuk Mang Onon mairan omongan Uwa Iday. Dèkoy

ngarènghap rada panjang. Bari sakali-kali tungkul, tara ti sasari. Rèt ka Uwa Iday, rèt ka Mang Onon. Kacirina rèk sapokpokeun ngomong, ngan bingung rèk ti mana mimitina. "Pok atuh, rèk ngomong naon?". "Muhun, Wa, Mang. Dèkoy tèh aya nu ngaganjel dina hatè. Hèsè kedah kumaha ngedalkeunnana". "Kumaha kitu?, biasana ogè sok sagala diomongkeun mun aya kasusah tèh. Naha ieu mah mani hèsè ?", Mang Onon panasaran. "Muhun, Mang. Ieu tèh Dèkoy nuju resep ka hiji wanoja". "Nya heueuh atuh alus kitu mah. Hartina didinya normal. Jajaka resep ka wanoja", Mang Onon tambah panasaran. "Enya aya naon, pok ngomong meungpeung Uwa jeung emang araya", Uwa Iday ngomong rada leuleuy ambèh Dèkoy rada tenang, bisa nyaritakeun nu aya dina hatèna. Dèkoy sakeudeung ngahuleng, pok ngomong, "Dèkoy tèh nuju kasmaran. Resep ka hiji wanoja. Wanoja ieu tèh remen babarengan jeung Dèkoy. Mimitina mah Dèkoy tèh teu aya rasa nanaon. Kusabab remen paduduaan, jorojoy timbul rasa asih, resep. Unggal ngarèndèng, aya nu ngageter dina dada. Ieu meureun nu disebut kasmaran tèh". Uwa Iday jeung Mang Onon molohok ngadèngè Dèkoy ngadongèngeun kitu.

Teu lila pok ngomong, "Geus diomongkeun acan ka manèhna?". "Puguh gè acan. Dèkoy teu wani, sieun ditolak". Dèkoy ngomong bari terus tungkul, jiga nu teu percaya diri. Teu lila Mang Onon ngomong, "Har ..atuh kumaha rèk apaleun lamun can ngomong mah. Yeuh Dèkoy, cing atuh jadi lalaki tèh sing gedè kawani". Dèkoy beuki murungkut, ciut hatèna. "Alusna mah, wanikeun pok ngomong. Ngeunaan ditampa atawa ditolak, èta mah risiko lalaki. Ngan harepan mah ditampa". Uwa Iday nambahan, "Ngan meureun kudu nempo situasi. Kudu pas ngomongna. Manèhna kudu keur bungah hatèna. Komo lamun pas aya nu dipikahayang ku manèhna mah, terus ku urang ditedunan. Wiihh, alus pisan. Èta tèh pasti resepeun". Ngadèngè kitu Dèkoy kaciri rada aya getihan beungeutna, teu sepa jiga saanggalna. Asa kajalanan. Bari teu leupas mikiran kumaha pijalaneunnana. "Hatur nuhun pisan, Uwa, Mang. Do'akeun, Dèkoy badè nyobian ngawanikeun manèh. Ayeuna mah rada ngemplong. Aya bongbolongan ti kasepuhan..hèhèhè". "Tah kitu atuh. Jadi lalaki tèh tong èpès mèèr. Turutan emang jeung Uwa, baheula loba awèwè nu

ngungudag," ceuk Mang Onon ngahatèan. "Raresepeun, Mang?", Dèkoy panasaran. "Lain. Ditatagih!..hahaha".

Angin ngahiliwir, niiskeun hatè jeung pikiran Dèkoy. Katingali Dèkoy jiga nu bungah, bari maheutkeun tèkad rèk ngawanikeun manèh ngomong ka si manèhna.

"Uwa, Mang, Dèkoy wangsul heula ah". "Jug, sing salamet di jalan. Hasil nu dipimaksud".

"Hatur nuhun. Assalamu'alaikum," Dèkoy pamit.

\*

Peutingna, di kamber Dèkoy ngahuleng. "Ayeuna kitu ditelepon, jangjian isuk panggih," gerentes hatè Dèkoy. Acan ogè rèngsè ngagerentes, kring hapè disada. Dèkoy reuwas jeung panasaran peuting-peuting aya nu nelp. Kop hapè dicokot, ditempo. Ana gebeg tèh, kaciri profilna poto si manèhna. Reuwas bari atoh. "Aya naon?" Dèkoy miheulaan ngomong. "Atuh salam heula, ieu mah ujug-ujug naros". "Èeh muhun. Assalamu'alaikum", Dèkoy uluk salam bari rada rampang-reumpeung, samar polah. "Tah kitu, waalaikumsalam. Nuju naon, A?". "Ah biasa wè, nuju ngimpleng nu aya dina lamunan..hèhè". "Iih aa mah. Ènjing teu kamamana?, tiasa nganteur Liadèl ka toko

buku?". Dèkoy teu ngaengkèkeun deui, langsung nyanggupan. Nganteur meuli buku nu jadi karesepna. "Tiasa. Jam sabaraha?". "Jam salapanan wè nya, sampeur ka bumi". "Siap!"

\*\*

Isuk-isuk kènèh Dèkoy geus saged rék nohonan pamènta si manèhna, nu jadi ceungceumannana. Liadèl. Motor geus dihaneutan, dielapan jadi leuwih kinclong. Makè baju sporty nu jadi karesepna, disemprot parfum ambèh seungit. Buuk disisir rada dijambulkeun, kaciri budak ngora nu keur kabungbulengan.

Wanci jam dalapan, Dèkoy geus nyelah motor. Terus ngajugjug imah Liadèl. Saparat jalan mikir jeung ngagerentes, "Kumaha nya piomongeunnana? Kudu kumaha?". Teu karasa motor geus nepi ka buruan imah Liadèl. Kurang leuwih satengah jam perjalanan. Imah Dèkoy rada jauh. Katempo Liadèl keur diuk di tèras imah, nungguan bari nyoo hapè. Ngadèngè sora motor, Liadèl ngalieuk. Kaciri rada marahmay. Atoh, nu ditungguan geus datang. Langsung cengkat, muru Dèkoy. "Alhamdulillah nu diantosan datang. Kumaha di jalanna lancar?" Liadèl basa basi nanya. "Lancar," jawab Dèkoy bari nyetandarkeun motorna. Tuluy asup

ka tères, diuk dina korsi. "Badè ngopi?". "Bade. Komo campur susu mah..hèhè", Dèkoy mimiti ngaheureuyan Liadèl bari nengtremkeun hatèna ambèh teu degdegan. Degdegan sabab aya maksud hayang ngedalkeun eusi hatèna.

Teu lila Liadèl ngasongkeun cai kopi. "Meungpeung haneut, A". "Ditampi," Dèkoy langsung ngopi, saeutik-saeutik disuruputna sabab rada panas.

Rèngsè ngopi, "Hayu, badè angkat ayeuna?" Dèkoy ngajakan Liadèl. "Hayu, ambèh teu siang teuing", Liadèl nyaluyuan.

Sanggeus bèrès, geuleuyeung motor maju.

Dèkoy ngaboncèng Liadèl dina motorna.

Sapaparat jalan dagdigdug hatè Dèkoy teu bisa katahan. Komo deui ngarasakeun leungeun Liadèl muntang kana cangkèng mani pageuh. "Naha ieu tèh nandakeun manèhna bogoh ka kuring?!" Dèkoy ngomong sorangan lalaunan. "Kumaha, A?", Liadèl nanya, sabab ngadèngè Dèkoy ngomong tapi hawar-hawar kadèngèna alatan gandèng ku sora mobil jeung motor sèjènna di jalan. "Ah..henteu nanaon. Sakedap deui dugi", ceuk Dèkoy ngabangbalerkeun. Padahal hayang sapokpokeun ngedalkeun nu aya dina hatèna.

Teu karasa geus nepi ka toko buku. Liadèl langsung muru kana rak pajangan buku favoritna. "Hayu, A". Liadèl ngajakan bari nyekelan pageuh leungeun Dèkoy. Dèkoy kacida atohna nempo pamolah si manèhna anu dipikameumeutna. "Dèl, kumaha aya buku nu dipilari tèh?" Dèkoy nèangan salah keur ngomong nu dipikahayang. "Teu acan aya. Di mana nya? Urang ka nu di luhur yu, A", bari leungeun Liadèl teu leupas nyekelan siku leungeun Dèkoy. Dèkoy beuki atoh nempo sikep kitu tèh. "Ari kieu mah, jigana manèhna gè resep ka kuring. Komo bari pageuh muntangan kieu mah", gerentes hatè Dèkoy.

Ngabandingan kalakuan Liadèl ti mimiti indit tepi ka lila di toko kitu, Dèkoy kacida bungahna. "Dèl, aa tèh aya nu badè diobrolkeun", Dèkoy ngawanikeun manèh. "Ah..engkè deui wè, A. Tingali bukuna saraè", ceuk Liadèl bari nyekelan deui mèh nangkeup awak Dèkoy bari sumringah jiga nu atoh pisan. Dèkoy rèk sapokpokeun tèh, aya waè gangguannana. Sanggeus manggihan buku nu ditèangan, Liadél ngajak balik Dèkoy. "A, hayu ah. Alhamdulillah buku tèh tos kènging. Nuhun nya, A". "Hayu atuh, ayeuna ka mana deui?". "Urang uih wè, urang ngopi deui di bumi", ceuk

Liadèl bari dibarung ku seuri mèsem jeung sorot mata leleb matak ngeunah kana hatèna, deungdeuleueun matak moal bisa sarè.

Dèkoy jeung Liadèl muru tempat parkir. Clak tumpak motor. Geuleuyeung maju.

Liadèl diboncèng, angger nyekelan pageuh pisan. Sapaparat jalan Dèkoy mikir, "Teu tèh bener resep atawa kumaha?" Nèmpo kana sikepna jiga nu geugeut pisan. Teu asa-asa. Ngan Dèkoy panasaran acan ngedalkeun eusi hatè jeung acan nampa jawaban anu pasti ti Liadèl.

Hatè jalma teu bisa diteguh. Kalakuan, sikep can tangtu ngagambarkeun eusi hatè anu sabenerna. Cag!



# Néang Jatidiri

Beg.. haté kuring ngagebeg, jantung ratug tutunggulan, teu puguh rarasaan. Langit asa runtuh, kaluar késang leutik késang badag tina sakujur awak, waktu kuring ngadéngé tatangga ngobrolkeun kuring. Cenah mah kuring téh lain anak Mamih jeung Papih. “Pantes wé dicarékan kitu ogé, da éta mah lain anakna !” Ceuk tatangga nu kadéngé ku kuring. Harita téh kuring dicarékan ku Mamih, alatan geulang paméré Mamih, leungit, duka di mana. Sapeupeuting kuring teu bisa saré, guling gasahan, teu puguh pipikiran. Kuring nu keur mangkat rumaja, nafsu keur meumeujeuhna gedé, harita ambek sataker kebek. Ambek nyedek, tanaga midek. Teu bisa kukumaha. Kudu ambek ka

saha ?!.. Nyalahkeun saha ?! Naha bet Mamih jeung Papih teu balaka ?! Naha nu jadi indung teges, téga miceun kuring ?! haté jeung pikiran kuring pagedug silih témbalan, silih nganaha-naha. Tungtungna teu karasa, cimata ngojayan siki mata. Teu kawadahan deui, ngalémbéréh saeutik-saeutik maseuhan pipi kuring. Tungtungna reup kuring peureum, teu bisa walakaya.

Teu karasa, panon beunta tina saré nu tibra. Rét ka Beulah kénca, kaciri caang tina sela-sela kaca jandéla. Nandakeun poe geus beurang. Kuring ngulisik, terus hudang tina ranjang. Sakeudeung kuring ngahuleng, ras inget kana kajadian kamari. Naon nu kudu dipilampah ?! Sajongjonan keur ngalamun, “Trok...Trok...Trok...” Sora panto diketrok. “Néng, Cinta, geus hudang ?” Ceuk Mamih ngageroan ngaran kuring, ngahudangkeun ti dituna mah. “Atos, ieu nuju ngabérésan heula sepré.” Kuring némbalan. Teu lila kuring kaluar kamar, bari mawa anduk rék mandi.

Saréngséna dangdan maké baju saragam sakola SMP, kuring sarapan sangu goréng meunang nyieun Mamih. “Kunaon cicing waé, Néng ?” Pananya Mamih ngagareuwahkeun lamunan kuring. Kuring ngarénjag

reuwas. “Henteu kunanaon, tadi wengi mondokna wengi pisan. Ngapalkeun. Jadi rada lalungsé.” Ceuk kuring ngabangbalérkeun manéh. Kuring nanya deui, “Mih, ari Néng dilahirkeunnana di mana ?”. “Naha maké nanya kitu ?”. “Ah, henteu nanaon, ieu mah hoyong apal wé !”. Mamih ngadongéngkeun, cenah mah kuring téh dilahirkeun di hiji rumah sakit swasta di ieu kota. Ieu hiji bekel keur kuring néangan jujutan nu salila ieu poékeun.

Sabada sakola, kuring indit kukurilingan.

Panas poé mentrang-mentring, di jalan pinuh ku mobil angkot nu pasuliwer néangan panumpang. Sababaraha kenék angkot nawaran kuring, teu dipaliré. Sirah teu puguh pikir, raga teu puguh cagap, léngkah suku asa ngalayang, hampang teu puguh rarasaan. Haté dag dig dug, ratug tutunggulan, sakapeung mah sok ngalenyap nyeri, “Kuring téh anak saha ?! Kuring téh anak saha ?!”. Kuring nanya sorangan, tapi dijawab ku sorangan.

Sapaparatan jalan kuring luak-lieuk, rurat-rérét néangan rumah sakit nu dituduhkeun ku Mamih. Sanggeus meuntas parapatan, kuring manggihan tempat nu cenah mah tempat kuring dilahirkeun. Sup kuring asup

pakarangan rumah sakit. Lunga lengo néangan panto, néangan tempat keur nanya. Ma'lum kakara asup ka hiji rumah sakit anu gedé. Kuring datang maké baju saragam SMP, sabab langsung balik ti sakola teu ka imah heula. Barang srog ka hiji rohangan, kuring nempo tulisan INFORMASI. Kuring nyampeurkeun kanu jadi patugas. *"Mau apa, De. Bisa saya bantu ?"* Patugas nanya maké basa Malayu. Kuring teu éléh légeg ngajawab, *"Saya mau ketemu kepala rumah sakit !"* Bari imut patugas nanya deui, *"Mau ngapain ketemu kepala rumah sakit ?"* Haté kuring ngageber, teu sabar hayang gancang meunang informasi ngeunaan diri sorangan, *"Pokoknya saya pingin ketemu kepala rumah sakit, sekarang !"* Kuring keukeuh ménta panggih, tuluy hayang ngobrol sajéntréna. Teu lila, jol ibu-ibu dedeg sampé rupa hadé kaluar ti hiji rohangan maké baju rok jas bodas setélan dokter rumah sakit, nyampeurkeun ka kuring. *"Jigana mah ieu nu jadi kepalana ?!"* gerentes haté kuring. Kuring ngawanikeun manéh nanya. *"Dok, saya ingin lihat data, yang melahirkan tanggal dua belas bulan Oktober tahun seribu sembilan ratus delapan puluh dua !"* Dokter seuri nempo kalakuan kuring, budak saumur jagong,

bari terus ngomong, *“Buat apa Ade mencari data seperti itu ?”*. Kuring ngomong deui, *“Pokoknya saya ingin data itu, biar jelas saya ini anak siapa ?!”*... Dokter seuri konéng ningali kalakuan kuring anu tohtohan néangan jati diri anu sabenerna. *“Memangnya kenapa ?”*. Kuring nyaritakeun satarabasna kajadian anu tumiba ka kuring nepikeun ka kukurilingan néangan asal usul purwadaksi kuring. *“Sudahlah, De. Kamu ini kan sudah dewasa, hidup sudah enak dengan kedua orang tuamu yang sekarang. Apalagi sekarang kamu anak tunggal dari orang tuamu yang sekarang. Segala kasih sayang pasti segalanya buat kamu. Mau apalagi ?”* ceuk dokter méré wejangan ka kuring. *“Tapi, Dok ?”* Kuring némpas. *“Sudahlah, sekarang pulang ! Nanti kedua orang tuamu mencarimu. Kamu ini masih muda, perjalananmu masih panjang. Sayangilah kedua orang tuamu yang sekarang. Pasti nanti kamu akan mendapat kebahagiaan.”*

Sajongjonan mah kuring ngahuleng. Haté seseblakan, sirah rieht mikiran nu teu puguh juntrungna, saharita kuring hayang ceurik maratan langit, ngocéak maratan jagat, hayang ngabudalkeun sakabéh eusi haté. Tungtungna ngan bisa ceurik jeung

ceurik, nu bisa ngahampangkeun eusi haté sorangan. Ka saha kuring bisa ngadu ?! Ka mana kuring kudu néangan ?! Teu karasa cai mata geus teu bisa ditahan deui, nyurucud maseuhan pipi kuring. “Nun gusti pangéran abdi, mung ka Gusti sim kuring nyanggakeun sadaya-daya. Mung ka Gusti sim kuring nyuhunkeun pitulung. Mugia tiasa mukakeun haté jeung pikiran kuring, aamiin”.

Kuring indit deui, mapay-mapay jalan trotoar ngajugjug ka imah. Sapaparat jalan kuring ngagerentes, “Hiji waktu kuring kudu bisa manggihan nu jadi kolot pituin, indung nu ngandung kuring salapan bulan, bapa nu ngayuga”.

-----

Hiji poé kuring diajak Mamih jeung Papih silaturahmi ka Enin, nyaéta nu jadi indungna Mamih di hiji daérah ka Beulah wétan ti kota kuring. Di dinya geus kumpul sadulur-dulur, ma’lum kulawarga gedé. Lamun dikumpulkeun mah pinuh saimah-imah. Ku Enin ditataan hiji-hiji dulur-dulur téh. Ceunah mah supaya teu pareumeun obor, ambéh apal jeung akur saanak incu. Harita kuring atoh, geuningan loba nu jadi

dulur téh. Hirup kuring téh geuning teu nyorangan, moal hariwang. Sanggeus ditataan, ku kuring dirérént jeung diteuteup hiji-hiji sakabéh dulur. Ceuk paribasa mah ti luhur sausap rambut ti handap sausap dampal. Rét... barang tepi ka teuteupan nu di juru, saurang ibu-ibu ... aya rasa anu anteb, seukeut, deudeuh ... teu sarua jeung batur, asa béda kana haténa. “Boa-boa ieu nu jadi indung kuring téh ?!” gerentes haté kuring.

Ku kuring disidik-sidik bisi aya pameunteu rupa nu sarua jeung kuring. Dagdigdug jantung asa ngagancangan. Tapi ku kuring teu dianggap, éta mah meureun rarasaan wungkul duméh kuring miharep pisan panggih jeung nu jadi indung. “Néng ..., Néng... !” Enin noél, ngabuyarkeun lamunan kuring. “Teu karasa nya, geus gedé deui. Kelas sabaraha ayeuna teh ?”. Kuring ngajawab, “Kelas tilu SMP, Nin”. Enin mamatahan jeung ngadu’akeun kuring. “Didu’akeun ku Enin, sing jadi anak sholéhah, tumut kanu jadi indung bapa jeung gedé rezekina nya, Néng Cinta”. Kuring ngaaminkeun.

Teu karasa geus wanci tunggang gunung, soré maju ka sariak layung. Kuring jeung Mamih Papih pamit rék balik deui ka dayeuh. Kuring sasalaman hiji-

hiji, éh... aya nu ngeupeulan duit. Barang diréré, bapa-bapa dedegan leutik. Cenah mah aki, raina Enin. Kuring atoh, ma'lum umur keur resep ulin, dibéré duit téh aya bekel keur jajan.

Sapaparat jalan kuring mikir jeung ngarasakeun ieu haté asa aya nu béda dina riungan tadi. Naon, nya ?! dina pikiran kuring, ditataan hiji-hiji tingkah paripolah sakabéh jalma nu aya dina éta riungan. Sakabéh jalma saroméah, balageur, ngaraku, teu matak picurigaeun. Ah... eta mah pikiran kuring wungkul. Tapi haté leutik kuring teu bisa dibobodo, asa aya nu disumput salindungkeun. “Duh Gusti bantosan abdi”.

Sabada riungan kulawarga, unggal panggih jeung dulur, kuring sok leuwih neleke-neleke. Boh dina réngkak paripolah atawa dina babasannana. Sabab dipikiran ku kuring, yakin nu jadi indung bapa pituin téh aya di antara kulawarga sorangan. Hal ieu dumasar kana rasa haté jeung sok nempo kabiasaan-kabiasaan nu jadi dulur lamun panggih jeung kuring.

Sagudang rarasaan anu sakitu gedéna téh ku kuring ngan bisa disimpen dina haté.

Sababaraha taun kuring teu betus ka sasaha.

Kuring boga sobat dalit, batur ulin sapopoé ti keur leutik kénéh. Véty ngaranna. Hiji waktu kuring ngabudalkeun eusi haté, rarasaan anu aya dina ati sanubari nu salila ieu disimpen, saeutik-saeutik mimiti budal ngahampangkeun haté anu salila ieu beurat ditanggung ku sorangan. “Cik, kudu kumaha kuring ? Naha kuring kudu nyalahkeun nu jadi indung pituin ?” ... Tapi maranéhna mani deudeuh, geugeut jeung nyaah pisan ka kuring. Kuring ceurik inghak-inghakan, teu katahan dada naék turun nahan napas ambek kapegung. Sirah karasa rieut, asa muter bumi alam. Nyeri jeung bingung. Sobat kuring sabar ngabandungan tepi ka parat naon anu ku kuring dicaritakeun, bari sakali-kali manéhna ngarénghap narik napas panjang. “Cinta... geus Cin ! Sing sabar, sing tawakal da éta mah geus jadi gurat kahirupan”. Ceuk sobat nyoba nenangkeun haté kuring anu keur teu puguh rarasaan. “Geus... ayeuna mah sing loba syukur, Cinta bisa hirup senang jeung nu jadi indung bapa ayeuna. Bisa sakola jeung sagala kahayang bisa kacumponan. Can karuhan lamun di nu jadi indung pituin mah”. Sobat kuring ngagedékeun haté kuring.

Alhamdulillah, saeunggeus ngobrol jeung nu jadi sobat, haté pikiran kuring asa hampang.

-----

Dina hiji waktu, sobat kuring ulin ka imah. Kabeneran kuring can balik. Sobat nepungan Mamih, terus ngobrol ngalér ngidul bari balakécrakan murak timbel paméré ti Enin. “Alhamdulillah, mani raos pisan neda sareng timbel sangu beureum mah”. Ceuk sobat bari terus nyokot cau keur *cuci mulutna*. “Enya, Néng, Alhamdulillah aya nu ngirim ieu téh, ti Enin. Ngan hanjakal si Cinta can balik. Duka ka mana ieu téh... Sakapeung mah sok hariwang, bisi aya nanaon di jalan. Komo ayeuna mah asa sering balik telat. Duka ka mana heula ?!” Sobat kuring rada reuwas ngadéngé Mamih nyebutkeun Cinta sering telat balik. “Boa-boa nguriling néangan terus nu jadi indungna ?!”. Sobat kuring ngawanikeun manéh nanya ka Mamih, “Mih, ari Cinta téh saleresna putra saha ?” Ngadéngé pananya kitu, rey pameunteu Mamih beureum. “Ari kitu kumaha ?” Ceuk Mamih bari ngabangbalérkeun manéh. Sobat ngajawab, “Ah henteu, pédah wé Cinta ngobrol, salami ieu manéhna sok néangan nu janten indungna”. Mamih

reuwas jeung kagét. Asa dibéntar gelap. Sajongjonan ngahuleng. Teu lila, mata beureum, berebey kaluar cimata. Napas rénghap ranjug. “Berarti, Cinta salila ieu geus apaleun ?!” Mamih nanya laun pisan, ampir teu kadéngé. Jep ... kaayaan simpé. Silih pelong, pinuh ku rasa panasaran.

Waktu keur silih pelong, jol kuring datang. “Éh... geuning aya tamu”. Nu keur ngariung rareuwaseun. “Néng, Cinta ... hampura Mamih !” Mamih ujug-ujug ngagabrug kuring bari ceurik. Kuring reuwas, “Aya naon, Mamih ?”. “Hampura Mamih nya Néng, geulis. Mamih téh nyaah pisan ka hidep. Euweuh maksud nanaon. Mamih sieun ditinggalkeun ku hidep. Rék jeung saha atuh Mamih Papih téh lamun ditinggalkeun ku Néng”. Ceuk Mamih bari terus ceurik, nangkeup kuring pageuh pisan. Kuring jadi tambah bingung, nempo pamolah Mamih. Rét ka nu jadi sobat. Manéhna oge katempo panonna carindakdak, jigana mah milu sedih. Kuring jadi kabawa ceurik. Saharita kuring silih tangkeup pageuh pisan, jiga nu embung lésot bari papada ceurik.

Sanggeus rada leler, sobat kuring nyaritakeun satarabasna. “Néng, hampura Mamih. Hiji waktu

Mamih pasti bakal nyaritakeun anu sabenerna. Moal aya anu disumputkeun, tapi Néng jangji moal ninggalkeun Mamih jeung Papih, nya ...!” Mamih neutep anteb pisan ka kuring, bangun nu geugeut jeung deudeuh pinuh ku pangharepan. Kuring teu bisa ngomong, nahan sakabéh rasa nu aya dina haté nu salila ieu disimpen méh sapokpokeun ka Mamih. Kuring ngan bisa unggeuk. “Ya Allah, Gusti nu Maha Suci Pangéran abdi... Mugia ngabalkeun du’a abdi salami ieu. Abdi pasrah sumerah diri mung ka Gusti. Pasihan pituduh, pasihan kakiatan sareng katawakalan mayunan nu jadi sepuh. Mamih Papih sareng indung bapa pituin abdi. Amin Ya Alloh Ya Robbal aalamiin”.

-----

Dina waktu nu geus ditangtukeun, kuring diajak ngariung. Enin, Mamih, Papih, Bapa jeung indung pituin sarta dulur-dulur geus kumpul. Kaayaan simpé, silih rérét, sakeudeung mah euweuh nu ngomong, pada ngabetem jiga nu baringung kumaha rék ngamimitian ngomongna. “Tah, jigana geus kumpul kabéh”. Ceuk Enin ngamimitian muka catur paguneman. “Sok, rék

saha heula nu ngomong ?” Enin nyambung pamuka tadi. Sakabéh nu aya di tengah imah kalah ka beuki tarungkul, nahan eusi haté. Panon kuring nguriling nempo paroman sakabéh jalma nu aya. Kabéhannana jiga euweuh nu wani nempo ka kuring, komo nyarita mah. Tungtungna Enin ngagebah,”Hééh...ceunah rék brukbrak ambéh gancang réngsé jeung jelas. Karunya yeuh ka si Néng. Sok kadinya ngaromong. Papih ... sok manéh ti heula !”. Papih reuwaseun, tuluy cengkat. Katingal paromanna beureum, napas renghap ranjug bakat ku nahan eusi haté. Kunyam-kunyem kaciri tina kumisna jiga nu rék sapokpokeun, tapi teu kaluar. Tuluy ngeluk deui, bari pok ngomong, ”Mangga, Emang wé ti payun nu nyarios”. Bapa raina Enin terus ngalieuk ka Papih, surti kana maksud Papih nu teu kuat ngomong. “Enin, hapunten abdi ngawantunkeun manéh nyanggem”. Enin némbal,” Heueuh, sok kadinya ngomong !”

Hiliwirna angin beurang nu asup ka tengah imah, niiskeun haté jeung pikiran nu keur ngariung. Pok bapa ngomong, ”Néng, Cinta... buah kalbu bapa. Saacanna, hampura bapa jeung mamah”. Bapa ngomong rada dareuda, rada kapotong-potong teu kuat

nahan eusi haté anu salila ieu disumputkeun. Ayeuna rék budal kabéh. Rét ka nu jadi indung kuring. Kaciri sesegrukan teu kuat nahan kasedih, kasono, sagala rupa pacampur jadi hiji. Pok bapa ngomong deui, "Néng, itu téh, nu ngandung hidep salapan bulan (*bari nunjuk kanu jadi indung pituin*). Ieu ... (*nunjuk ka dirina*) bapa, Néng. Sakali deui hampura bapa jeung mamah. Lain maksud rek mopohokeun hidep. Komo deui maksud miceun mah, lain !... Ampun paralun, Gusti. Tapi kaayaan harita anu maksa bapa jeung mamah kudu kitu. Hidep téh lahir kembar, lalaki. Harita, mamah geus boga anak tilu, nu jadi lanceuk hidep. Kaayaan hirup bapa jeung mamah sakitu waluratna, pas-pasan. Lanceuk hidep keur meumeujeuhna biayaaneun. Nya ku bapa jeung mamah teh dibikeun ka papih jeung mamih, alo bapa anu kabeneran teu boga budak. Sabab bapa percaya, pasti Papih jeung Mamih bakal nyaah jeung bisa ngurus, ngadidikna". Ku kuring dirérét hiji-hiji teu aya saurang ogé anu cengkhat pameunteuna. Kabéh tungkul méh adek jeung palupuh imah. Sakalikalina aya nu nyusut cimata. Aya ogé anu taktakna oyag-oyagan, teu kuat nandang kasedih, ceurik sesegrukan. "Néng, itu nu jadi lanceuk hidep jeung adi-adi hidep

*(bapa nunjuk lanceuk jeung adi-adi kuring nu kabeneran milu ngariung)*. Sakali deui hampura, lamun hidep rék ngambek sok ayeuna. Bapa mah rido lillahitaala rék dikumahakeun ku hidep, sabab bapa salah, nyimpen ieu rahasiah salila ampir dua puluh taun. Sok sanajan bapa téh sono, nyaah pisan”, ceuk bapa bari terus ngusap cimata nu teu kabendung maseuhan pipi. Kuring ngan bisa ngahuleng, sabab haté geus biasa ngarandapannana, cimata geus garing ku kerepna kuring ceurik unggal peuting saméméhna.

Sanggeus kabéh kajadian anu sabenerna dicaritakeun, “Tah, ayeuna mah geus jelas, écés témbrés pertéla kembang boléd. Kabéhannana ogé tujuannana mah alus. Ngan perlu waktu wungkul keur ngajelaskeunnana, supaya euweuh sangkaan goréng”, ceuk Enin. “Kumaha aya nu rék ditepikeun, Mamih, Papih?”. Papih jeung Mamih silih pelong, bari terus ngomong, ”Hampura Papih jeung Mamih, nya bageur geulis... lain maksud Papih jeung Mamih misahkeun hidep jeung nu jadi indung bapa. Tapi kaayaan anu mawa urang kieu. Tapi hidep kudu percaya, Papih jeung Mamih nyaah pisan, asa ka anak sorangan. Ayeuna mah, teu langkung hidep rék kumaha. Ngan

kahayang mah ... ulah ninggalkeun Papih jeung Mamih !” Mamih ceurik sesegrukan méh teu eureun-eureun, dilelerkeun ku Papih.

“Enin, Bapa, Mamah, Papih, Mamih... saleresna mah, Cinta téh tos terang tilu taun kapengker, ngan teu acan yakin pisan. Ayeuna mah tos jelas. Alhamdulillah, nuhun Gusti ... parantos masihan jalan, ngabulkeun do’a abdi”, ceuk kuring bari neger-negerkeun manéh. Kuring neruskeun deui ngomong, “Cinta teu ngaraos hanjakal. Hatur nuhun kana kasaéan sadayana. Bapa, Mamah, indung bapa pituin abdi. Ogé ka Papih sareng Mamih anu tos ngarorok, ngurus Cinta dugi ka tiasa sakola. Hapunten Cinta, bilih salami ieu wangkelang bedegong, tara tumut, turut kana piwuruk sepuh. Oge tambélar ka nu janten indung bapa pituin. Sakali deui hapunten. Tina ati sanubari Cinta anu jero, teu aya nu kedah dilepatkeun... éstuning klik putih clak herang, caang bulan narawangan, urang silih lubarkeun, urang neuteupeup kahirupan anu anyar, kapayunna”, ceuk kuring ngadadak capétang.

Rengsé kuring ngomong, kuring munjungan kanu jadi indung bapa pituin, terus ka Mamih jeung Papih. Dibarengan ku silih du’akeun sing meunang

kabagjaan dunya rawuh akhérat jaga, aamiin ya robbal aalamiin.

Bagja. Kuring boga dua indung dua bapa. Alhamdulillah, ayeuna kuring keur ngawangun kulawarga anu sakinah, mawadah, warohmah jeung salaki, Gandi ngaranna. Boga dua budak geulis jeung kasép nu lucu, ngaran Chichi nu awéwé jeung Ghighi nu lalaki. Cag !



# Keur Ngariung, Rek Hitut

Salah sahiji kabiasaan kuring saparakanca nyaéta ririungan, boh aya hiji kagiatan atawa euweuh kagiatan. Dina hiji waktu kuring ngumpul gawé babarengan nyieun aksara tina gabus keur ngadékor tempat hiji kagiatan. Amin salah saurang partner kuring dina widang garapan ngadékor. Manehna teu weléh parigel, boh nyieun citakan aksara tina komputer atawa motongan gabus nyieun huruf-hurufna pikeun aksara “*background*” panggung. Kuring saparakanca ngadeluk ngagawéan éta garapan bari teu weléh diselapan ku heureuy patémbalan.

Keur anteng “khusus” ngeureutan gabus, ujug-ujug Amin ngomong, “Aduh ... ké heula ... ké heula ... !” bari némbongkeun pameunteu serius. Kuring nanya, “Aya naon ?”. Amin némbalan deui, “Asa ...asa.. hayang hitut ...hé..hé..hé..!!”. Bari terus ngaléos api-api rék hitut.

Saréréa seuri bari marencét irung, “Si bedus téh ..hé..hé.. hé..!!!



# Panasaran ku Kopéah Ajengan

Atoh pisan boga sobat dalit. Jauh ti lembur, jauh ti dulur, nyuprih élmu bagbagan agama khususna di hiji pasantrén nu kawilang kawentar. Undang jeung Tata ngaranna, anyar panggih tapi geus asa wanoh pisan. Meureun pédah sarua anyar, sanasib di pangumbaraan. Kuring tiluan sa-kamber, sa-kobong.

“Assalamu’alaikum”, ceuk kuring asup ka kobong. “Walaikumsalam”, méh bareng babaturan anyar ngajawab salam kuring. “Ti mana heula ?, kami mah ti tatadi geus di dieu.” Undang nanya ka kuring. “Éta bérés tadarus bada subuh tadi téh asa rada tunduh, ngalenyap sakeudeung bari nyarandé kana tihang.” “

Paingan ngalelep,” ceuk Tata milu nyarita. “Puguh éta, barang beunta, reuwas. Luak-lieuk geus euweuh sasaha. Gancang wé cengkat, indit kadieu,” ceuk kuring rada hah héh hoh bakating ku capé sabab leumpang satengah lumpat. Harita téh pangajian rutin bada subuh saacan aya kagiatan sejénna. Biasana masjid pinuh ku santri lalaki jeung awéwé sabab nu ngeusi pangajianna Mama Ajengan, dedengkot ieu pasantrén. Mama Ajengan ngan dua kali ngeusi pangaosan nyaéta bada subuh jeung bada maghrib.

Sakeudeung kuring tiluan anteng ngobrol, nyarita asal-usul jeung pangalaman saanggalna séwang-séwangan bari sasaran ambéh aya tanaga keur diajar. Dina sela-sela ngawangkong, kuring nanya kapanasaran ka sobat. “Lur..kuring mah panasaran.” Undang motong kalimah kuring, “Panasaran naon?”. “Eta meureun Engkus mah panasaran nempo santri awéwé..héhéhé.” Tata ngaheureuyan kuring. “Ih.. lain. Yeuh déngékeun. Waktu kuring ngabandungan Mama Ajengan keur tausiah, kuring mah kataji ku éta kopéah nu dianggo ku Mama. Cenah mah, sieupna téh aya dina kopéah buludru éta. Kuring jadi panasaran.” Undang jeung Tata unggeuk bari kerung semu mikir. “Makana loba

jamaah kasengsem lamun ngabandungan tausiaha, cénghar tara aya nu nundutan sabab kataji ku Mama Ajengan, cenah mah. Kuring hayang boga élmunu...he..he..he.”

Teu karasa wanci geus maju ka beurang, kuring jeung babaturan tatan-tatan nyiapkeun keur diajar, sarupaning buku catetan, pulpén, jeung teu poho mawa kitab sabab éta wajib kudu dibawa.

Sanggeus sagalana siap, kuring jeung babaturan indit ka tempat diajar. Sapaparat jalan kuring balagonjangan, heureuy jeung babaturan supaya nambah kaakraban ambéh betah nyuprih élmu di pasantrén. Nepi ka tempat diajar, kasampak geus réa babaturan nu séjénna. Kuring diuk di tengah, supaya bisa kaditu kadieu lamun aya perlu jeung batur. Teu lila, jol Ajengan nu rék ngajar. Sakabéh santri saged, diuk dina bangku séwang-séwangan. Bari ngabandungan nu nerangkan élmu bagbagan agama, teu weleh pikiran rada ngarancabang. Rasa panasaran kana kopéah Mama Ajengan beuki gedé. Sakali-kali rét ka babaturan nu keur anteng suhud diajar, terus ngabandungan deui guru nu keur nerangkeun.

Teu karasa diajar geus réngsé. Kuring gancang nyampeurkeun sohib, Undang jeung Tata.

Tepi ka kamber, teu weléh kuring nyaritakeun mistikna kopéah buludru Mama Ajengan. Keur anteng ngobrol, kuring tiluan ngarénjag reuwas. Mama Ajengan ngalangkung ka hareupeun kuring tiluan. “Assalamu’alaikum, Mama.” Kuring tiluan uluk salam bari rengkuh méh adek irung kana tuur, bakating ku hormat jeung reuwas kareureuhnakeun. “Waalaiikumsalam,” Mama ngajawab salam kuring tiluan. “Kumaha calageur, yeuh?”. Kuring rampang reumpeung ditanya kitu téh. “Euu..euu..alhamdulillah séhat, Mama,” ceuk kuring ngawakilan nu séjénna, bari teu wani melong pameunteu Mama. Kuring tiluan tungkul. “Euh.syukur atuh ari calageur mah. Sing balageur nya, sing suhud diajar. Karunya indung bapa hidep geus mihapékeun kadieu. Saréhat nya.” Kuring jeung babaturan silih lieuk,”Muhun, Mama. Pidu’ana, hatur nuhun”. Mama Ajengan teras angkat neraskeun ngontrol nguriling pasantrén. “Héh..tong molohok kitu !” Ceuk Undang ngagareuwahkeun lamunan kuring. “Enya..kunaon molohok ?” Tata nambahan nanya ka kuring. “Angger, kuring mah panasaran ku kopéah

buludru nu dianggo ku Mama. Salian ti alus rupana, éta panasaran ku simana”. “Euuhhh, ari sugan téh kunaon?”. “Sugan wé katépaan pinterna..hé..hé.” “Tapi bener, salila kuring ngobrol bieu, kuring kataji ku Mama. Boh dina dedegannana, boh dina cara nyariosna. Kuring ngan bisa olohok, kasima ku Mama. Jigana mah bener pangaruh éta kopéah.”

Kuring tiluan anteng ngomongkeun kopéah Mama.

“Kumaha lamun cokot éta kopéah waktu Mama keur wudu, sugan wé balangah,” Ceuk Tata méré jalan ka kuring. “Ah ulah, sieun, bisi kuwalat, “ ceuk kuring rada merod loba kasieun. “Pan ceunah hayang apal jeung resep kana kopéah éta, ari geus dijalan, embung. Kumaha ari didinya téh.” “Ceuk kuring mah kieu wé, urang ka Mama. Silaturahmi bari nanyakeun éta kopéah,” Ceuk Undang ngajalanan. “Ah sieun jeung éra, maenya nanyakeun nu kitu,” Kuring nembalan babaturan nu ngajalanan.

Sakeudeuh mah kuring tiluan ngahuleng. Euweuh nu ngomong, pada mikiran éta kopéah.

Teu karasa, ditempo téh babaturan kuring keur narundutan, lila-lila saré bari ngaguher kérék. Kuring ogé ahirna milu saré.

-----

Wanci geus soré. Bada asar, jiga biasana kuring tiluan ngawangkong di hareupeun kobong bari nungguan waktuna maghrib. Sagala kalengkepan alat sholat jeung diajar geus disiapkeun, ambéh pas ngong adzan, kuring bisa gancang ka masigit. Kuring ngobrol ngalér ngidul. Ti mimiti masalah pribadi, kulawarga, tepi ka masalah diajar. Di tungtung obrolan, angger lumpatna kana kopéah buludru anu Mama.

“Kumaha, jadi rék ka Mama téh ?” Ceuk Tata babaturan kuring ngabalakan nanya. “Éh enya, kumaha jadi moal ?” Undang milu nanya. “Hayu atuh. Supaya leuwih jéntré, henteu panasaran deui,” Ceuk kuring. “Enya hayu,” Tata jeung Undang mairan méh bareng.

Kuring tiluan indit ka bumina Mama Ajengan. Maksudna ngawanikeun manéh rek nanyakeun kopéah buludru kagungan Mama.

Tepi ka buruan bumina Mama, kuring tiluan ngajaranteng. Silih pelong, pada teu wani asup. “Sok atuh kadinya,” Tata ngajurungkeun ka kuring. Kuring rét ka Undang. Undang kalahka gideug tanda embung. Keur silih jurungkeun, Mama kaluar ti bumina maksadna badé ka masjid. Ningali kuring tiluan di

buruan, Mama langsung ngagentraan. “Jang, keur naraon di dinya ?” Kuring tiluan reuwas ngadéngé sora Mama kitu téh. “Éh naha kalah barengong kitu, kadariieu !” Kuring tiluan ngadeukeutan Mama. “Aya naon ieu téh ?” Mama naros deui. “Euuhhh.. ieu Mama,” kuring ngawanikeun manéh ngomong. “Sok-sok..kadiieu..kadiieu,” Mama beuki deukeut ka kuring. “Sok atuh, ceunah rék ngomong !” Ceuk Tata ngadesek ka kuring. “Ieu Mama, sim kuring saparakanca téh kataji pisan upami Mama nuju tausia, nuju ngawulang. Boh dina panganggo atanapi cara ngadugikeun pangajaran éta,” ceuk kuring ngawanikeun manéh bari jantung ratug tutunggulan. “Ehmm..terus kumaha ?” Mama nyelang. “Sok atuh teruskeun,” ceuk Undang nyambung, nitah ka kuring. Kuring ngarénghap heula supaya hampang ngomongna. “Kieu Mama... saurna mah tiasa kitu téh, margi Mama nganggo kopéah buludru éta,” ceuk kuring bari nuduhkeun éta kopéah maké jempol. “Janten nu ningal téh kasima ku kopéah nu dianggo ku Mama.” Kuring ngomong bari tungkul teu wani neutep pameunteu Mama. “Hahahahaha...” Mama gumujeng tarik pisan. Kuring tiluan reuwas, sok sieun Mama bendu sabab kuring calutak nanya kopéah

nu sok dianggo. “Hapunten, Mama” Kuring tiluan ngomong ampir bareng pisan bari rengkuh méh adek jeung tuur. “Leres éta téh, Mama ?” kuring nanya méakeun kapanasaran. Mama ngagelenyu imut, meureun ngaraos anéh. “Kadarieu, Jang..leuwih deukeut ka Mama. Éta téh ceuk saha ?..héhé.. Naha boga pamikiran kitu ?” Mama nanya ka kuring tiluan. Ditanya kitu, atuh kuring téh beuki degdegan sieun dicarékan. Mangkaning cenah mah Mama téh lamun nyarékan santri nu bangor sok galak. Atuh kuring téh beuki ngarempod. “Seueur nu nyarios, Mama. Katambah abdi oge kataji pisan upami Mama nuju masihan tausiah. Abdi sok anteng, ngabandingan. Asa teu karaos waktos téh upami Mama mah”, kuring neger-negerkeun manéh ngajawab pananya Mama. Sakeudeung mah simpé harita téh. Teu lila Mama nepak taktak kuring. Atuh kuring téh beuki reuwas. “Yeuh.. déngékeun nya..Ieu mah ngan saukur kopéah, nu disimpen dina sirah paranti ngahalangan rambut ambéh teu ngarumbay waktu solat. Euweuh nanaonan, komo deui mun disebut aya jimatna mah. Atuh sarua jeung musrik, percaya kanu kitu. Audzubillahimindzalik”. Mama masihan katerangan,

bari saeutik mapatahan. Atuh kuring tiluan beuki nyempod, sieun katerusan dicarékan.

“Muhun, Mama. Éta wé pédah seueur nu nyebatkeun kitu, janten panasaran”, kuring ngawanikeun ngomong bari tungkul. Batur kuring nu duaan mah tetep wé jempé, jiga nu sieun ditanya ku Mama. “Tah, lamun hidep hayang bisa ngomong tausia bari aya sima jeung kataji ku batur, ti ayeuna sing getol, suhud diajar. Mama gé teu sim salabim bisa kieu téh, tapi meunang hésé capé diajar ti leuleutik. Ayeuna kaala hasilna”, Mama ngawurukan. “Indung bapa hidep nitipkeun kadieu supaya hidep jadi jalma soléh, aya hasilna diajar bagbagan agama keur bekel jaga engké geus kolot. Tah kitu..geus ah, sakeudeung deui adzan maghrib. Sok ku Mama didu’akeun, sing hasil nu dipimaksud, pikeun kabagjaan dunya akherat..aamiin”. Mama nutup gunem catur harita. “Muhun, Mama. Hatur nuhun wejangannana, hapunten sadaya kalepatan”, ceuk kuring ngawakilan babaturan.

Mama angkat ka masjid, kuring tiluan silih pelong teu bisa ngomong. Reuwas jeung atoh meunang élmu ti Mama pikeun pibekeleun jaga. Kuring jeung babaturan nuturkeun Mama ngajugjug ka masjid.

Tina ieu kajadian, kuring meunang pangalaman yén urang ulah percaya kana hal-hal nu méngpar tina bagbagan agama. Sagala gé kudu dibarungan ku élmuna. Diajar sosen-sosen ti ayeuna pikeun bekel jaga kahareupna, kabagjaan dunia jeung akhérat. Cag !



# Érwé Kuring

Sapeupeuting hujan ngaririncik, di luar poèk alatan pareum lampu. Hawa tiris tembus kana tulang dada. Kuring cuang-cieung sorangan. Nungguan babaturan, jangjian rèk tepung nyawalakeun pasualan manèhna. "Naha kamana nya?" Gerentes hatè kuring. "Jigana keur ngurus heula cempor, keur nyaangan imahna." Kuring ngagerendeng sorangan sabab apal pamajikannana rada borangan. Komo pararoèk kieu mah.

Marna, ngaran babaturan kuring. Sobat dalit, batur ulin jeung curhat lamun aya pasualan kahirupan.

Manèhna kapeto jadi pupuhu èrwè. Kuring gè dipènta mantuan jadi sekertarisna, sanajan mimitina kuring nolak alatan loba kasibukan. Tapi Marna ngolo kuring, malahan mah ka pamajikan ogè. Keur ladang amal, babasanna tèh. Antukna kuring nyanggupan pamèntana. Ngan kamari, manèhna nga-ès èm ès kana hapè, cenah aya pasualan jeung pangurus èrtè. Kuring gè teu apal persis. Matak kuring nedunan pamèntana hayang tepung jeung kuring, supaya leuwih jelas.

Satengah jam, kuring nungguan. Lungo-lengo, kuring nempoan sakuriling. Teu lila, jol datang anu ditungguan. Bari sarangah-sèrèngéh, Marna nyampeurkeun kuring. "Assalamu'alaikum," Marna uluk salam bari solongkrong leungeunna rèk sasalaman. "Walaikumsalam," Kuring némbalan, bari pok ngomong, "Na ka mana waé?" "Hampura kuring telat. Meureun didinya kesel nungguannana," ceuk Marna bari sura-seuri nutupan kasalahan. "Nya..lumayan ogè. Untung teu digembrong reungit ogè," kuring nèmbalan bari rada kesel. "Heueuh, matakna kuring mènta hampura." "Nya.. dihampura," Ceuk kuring. "Tah kitu atuh..hèhe."

Marna kerung jiga nu mikir. Ku kuring ditanya, "Kunaon kerung?" Manéhna ngarènghap bari terus ngomong, "Kuring kadieu rèk mènta bongbolongan. Sugaan wè hatè jeung pikiran kuring jadi hampang." Nempo babaturan kitu, karunya. Jigana ieu pasualan rada beurat. Tara biasana Marna ngomong serius pisan. Kuring nanya, "Aya pasualan naon?" Ditanya kitu, Marna beuki ngarènghap, jiga nahan piambekkeun. Teu lila pok manéhna ngomong, "Kuring rèk mundur jadi pupuhu èrwè!" Ngadèngè omongan kitu, kuring reuwas. Sabab teu gugur teu angin, ngadadak pisan. Sajongjonan kuring papelong-pelong, teu percaya manéhna ngomong kitu. Sabab salila ieu, manéhna kataji pisan ku warga, kapakè ku aparat pamaréntahan, krèatifna, koordinasi jeung komunikasina dina enggoning ngamajukeun lembur. "Har..dibèjaan ngadon molohok," Marna ngagareuwahkeun lamunan kuring. Kuring ngarènjag. Pok ngomong, "Bener ieu tèh? Na kunaon bet jadi kieu?" Panasaran, naon sababna. Marna ngajawab, "Enya bener, kuring rèk mundur. Asa teu dihargaan, salila ieu kuring ngabèlaan sagalana keur kamajuan lembur!" Kuring beuki teu ngarti. Komo deui nempo Marna ngomong rada tarik. Dadana nahan

kaambek, beungeutna beureum nahan kakeuheul. Kuring nyobaan ngalelerkeun hatèna, bari terus ngomong, "Aya naon sabenerna? Pan bisa diomongkeun, ulah ujug-ujug mundur. Cik sok béjaan, sугan wè kuring bisa mèrè bongbolongan. Pan ngeunah ari kitu mah...hèhè."

Marna ngahuleng sakeudeung, pok ngomong, "Peuting kamari, kuring ditelepon ku Aman, pupuhu salah sahiji èrtè, nanya, bapa badé ka kantor èrwè?" Kuring mairan, "Naha rèk naon cenah ka kantor èrwè?" "Tah, justru èta, kuring teu apal rèk aya naon. Nya kuring tèh ngajawab, badè, bari terus muru kantor èrwè." "Terus kumaha?" ceuk kuring panasaran. "Barang nepi ka buruan kantor èrwè, kasampak geus rempeg jalma. Malahan para pupuhu èrtè aya kabèh. Atuh kuring reuwas. Rèk dèmo kitu?!" Marna ngajènrèkeun kajadian harita. Bari kaciri nahan ambek, Marna neruskeun nyarita, "Kusabab reuwas asa dijebak, kuring ngomong, asa tara tisasari rempeg kieu, cik lamun tiap rapat lengkep kieu. Resep meureun, henteu wawarèhan informasi tèh. Kabèh nu aya, euweuh nu ngomong. Kuring gè teu ngarti, naha caricing. Kabèh mencrong ka kuring. Harita kuring asa

sorangan, euweuh pakumaha, tuur nyoroncod, asa ngalayang titincakan."

Ngabandungan Marna nyarita, kuring milu ngarasa hanjelu, mangnyerihatèkeun. Kabayang waktu manèhna sorangan nyanghareupan jalma anu rèa. Tangtu guligah hatèna nandangan sorangan. Pok kuring ngomong, "Keun wè meureun èta ujian jadi pupuhu. Ujian ogè keur pangurus, kaasup kuring. Résiko jeneng,"Kuring ngomong kitu supaya Marna rada leler, tiis pikirannana. Kaciri Marna acan ngabudalkeun kabèh katugenah hatèna. Kuring ngomong, "Terus kumaha deui?" Marna ngajawab, "Tah geus kitu tèh, Aman ngajakan kuring asup ka kantor èrwè. Rèk nepikeun maksudna. Di jero, nu karumpul diwakilan ku Aman jeung Udin sarua pupuhu èrtè, ngomong. Cenah mah pèdah rèk aya mobil bèko liwat ka lembur, keur ngabebenah perumahan anyar, kuring ngijinan tapi teu ngayakeun rapat heula." Marna nyarita norolang pisan bari ngarènghap panjang, nandakeun aya nu ditahan dina hatèna. Kuring ngabandungan imeut pisan ambèh bisa mèrè bongbolongan kumaha hadèna. Marna nyarita deui, "Nu pangteungeunahna, matak nyeri hatè, kuring disangka disogok duit lima ratus rèbu. Padahal

kuring teu mènata, èta mah dibère sarta dipakè babayar hutang ka matrial urut ngabebenah sarana warga, sèsana dipakè nyieun gapura keur Agustusan." "Astagfirullah, èta jelema teu euleum-euleum nyangka tèh. Ari teu apal mah, atuh nanya nya?" ceuk kuring mairan obrolannana supaya Marna ngarasa aya batur. "Enya, matak kuring nyeuneu gè. Atuda disangka, anu kuring teu rumasa," Ceuk Marna asa aya nu ngahatèan. Marna neruskeun deui, "Kabèh nyebutkeun, lamun aya perumahan anyar tangtu lembur urang bakal kaliliwatan batur. Bakal itu, bakal ieu. Waahh..sagala rupa disebutan. Padahal pan acan puguh. Tangtu engkè gè bakal aya musyawarah heula, kumaha alusna." Marna beuki kerung mikiran nu geus karandapan. "Lieur aing mah, kuring rèk mundur jadi pupuhu èrwè!" Marna negeskeun pamadegannana. "Geus kieu wè atuh, urang ayakeun rapat pangurus. Sok omongkeun pamadegan di dinya. Meureun kuring gè sarua. Lamun di dinya mundur, kuring gè sarua rèk mundur," ceuk kuring mèrè usul supaya gancang bèrès.

Teu karasa, waktu nyèrèlèk beuki peuting. Simpè. Hawa beuki tiris. Kuring jeung Marna balik ka imah sèwang-sèwangan.

\*\*\*

Dina waktu nu geus ditangtukeun, kabéh pangurus geus karumpul di kantor érwé. Nu datang geus sarigep rék rapat. Kuring, sekertaris ngamimitian muka rapat. Sanggeus dibuka, diteruskeun ngabahas pasualan lembur ditepikeun ku Marna salaku pupuhu érwé. “Bapa miwah Ibu pangurus, hatur nuhun kasumpingannana. Mugia janten amal kasaéan sadayana jalanna ngurus warga, kanggo kamajengan ieu lembur” Marna ngomong perténtang, kaciri wibawana salaku pupuhu érwé. Pok ngomong deui, “Seueur pisan nu tos kasorang kanggo ngamajengkeun lembur. Ti ngawitan ngalayanan warga, ngeuyeubkeun kagiatan, dugi ka nyéépkeun tanagi, émutan, malihan mah material nyalira kaanggo keur majengkeun lembur urang. Hatur nuhun, mugia Allah ngabales kasaéan sadayana. ”Marna ngomong mani lantip, ngaguluyur, ngeunah kadéngéna. Kuring mencrong beungeut Marna. Nu tadina marahmay jadi rada beureum, nahan kakeuheul. Kuring surti, dina pikiran jeung haténa pacampur sagala rasa. Kesel, ambek, lamun inget kana

kajadian harita. Ieu nu rék dikedalkeun dina rapat. Teu lila Marna ngomong deui, “Bapa miwah Ibu, jalmi mah henteu sampurna. Kitu deui kuring, seueur pisan kakirangannana dina mupuhuan ieu érwé. Komo deui, ku ayana kajantenan kamari. Kuring dipaido. Haté nyeri. Geus satékah polah, ngetrukkeun tanaga, pikiran keur kamajuan lembur tapi disangka anu kuring teu rumasa.” Marna ngomong ngadégdég, basana geus mimiti teu lemes bakating ku nahan kakeuheul. Derekke Marna nyaritakeun kajadian kamari nu ngabalukarkeun nyeri haté, nu antukna manéhna ngomong, “Ku kituna dina danget ieu, kuring mundur jadi pupuhu érwé!” Kabéh reuwas, silih pelong, asa teu percaya. Sakeudeung jempling. Ku kuring dirérétan, kabéh tarungkul. Pok kuring ngomong, “Tah kitu panginten pamadegan pupuhu érwé téh. Kuring teu ngabibisani, katugenahna. Mangga, ayeuna badé kumaha?” Kabéh ngabaretem. Meureun reuwas, teu nyangka Marna bakal ngomong kitu. Teu lila Diman, salahsahiji pupuhu érté ngawanikeun ngomong bari dareuda, “Saéna mah dibadantenkeun, pilari jalan kaluarna. Pa érwé ulah mundur. Kahoyong mah réngsé dugi ka waktosna. Pimanaeun, urang tiasa sapertos Pa

érwé nu parantos mupuhuan lembur urang dugika majeng sapertos ayeuna. Hapunten sim kuring saparakanca.”

Bari ngarénghap jero, pok Marna ngomong, “Tadina mah kuring moal tepika mundur. Ngan dipikir deui, meureunan warga, utamana pangurus, kieu carana mah berarti geus teu percaya. Cara nu dipaké kurang hadé, maido. Padahal haté, pikiran, raga kuring diketrukkeun keur kamajuan lembur. Bélaan kaluar ti pagawéan hiji deui, sabab waktu loba kacontang keur mikiran lembur.” Kabéh beuki caricing, bingung naon piomongeunnana. “Lamun, Pa érwé mundur, kuring gé rék mundur,” ceuk Aman. “Kuring ogé meureunan milu mundur, sabab kuring daék jadi pupuhu érté lantaran nu jadi pupuhu érwé-na, Marna,” Kang Suhe milu ngomong. Marna ngomong, “Hampura, kuring geus badami jeung nu jadi pamajikan, angger mundur. Kuring rék nepungan pa Lurah, nepikeun pamaksudan kuring. Éngké hasilna ku kuring dibéwarakeun.”

Waktu beuki peuting. Hujan ngaririncik. Kumpulan geus réngsé. Kabéh balubar bari mawa pasualan lembur nu kudu diréngsékeun. Teu bisa diteguh nu aya dina haté séwang-séwangan, naha atoh

émprak surak atawa hanjelu jeung nalangsa Marna  
mundur jadi pupuhu érwé?!

Hadé rupa teu bisa diirong naon nu aya dina  
haté jalma. Anging Alloh SWT nu uninga. Cag !



# Awéwé nu Ngagoda

Sapeupeuting kuring nyileuk teu bisa sarè, mikiran kajadian beurang tadi. Dilenyepan ku hatè, asa teu kaharti asal usulna tepika bisa kitu. Kuring ngahuleng nyawang ka tukang. Naha èta awèwè tèh bet wani kitu ? Dipikiran dibulak-balik. "Ah... lieur." Teu lila ras inget ka Ojak, babaturan sobat dalit kuring. Sugan wè Ojak bisa ngabantuan mikiran. Sugan jeung sugan bisa ngahampangkeun pikiran, gerentes hatè kuring. Rèt kuring ngarèrèt, nempo hapè gigireun ranjang. Kop dicokot hapèna, tuluy dibuka rèk mimiti

nelepon Ojak. Hapè geus dihurungkeun, tuluy mencèt nomber hapè Ojak. Aya nada dering, nandakeun Ojak keur aktif nyoo hapè. Teu lila aya sora, "hallow, hallow". Kuring uluk salam, "Assalamu'alaikum".. "Waalaikumsalam" kadèngè tina hapè aya sora nu ngajawab. Kuring hariweusweus hayang gancang ngomong. Geus teu kuat hayang ngabudalkeun eusi hatè. "Kumaha cageur, Lur ?" kuring muka obrolan. "Alhamdulillah.. mata bèngras, mastaka waras, kadaharan taya pantangan, matak jagjag saawak-awak..haha." Ojak ngajawab bari heureuy. Kuring teu anèh, da kabiasaannana kitu. Matak kuring nelepon ka manèhna gè, sugan wè kabawa gumbira. "Kuring nelepon, teu ngaganggu yeuh?" Ceuk kuring. "Ah henteu, ngan tara ti sasari wè peuting-peuting nelepon, aya naon?" Ojak nanya dumèh biasana kuring nelepon tara tengah peuting, da bisi ngaganggu kulawargana. "Ah euweuh nanaon, ieu mah hayang nelepon wè, tibatan nyileuk sorangan. Pamajikan geus tibra. Tah kadèngè meureun ngaguherna, kèrèk..hè..hè..hè" ceuk kuring bari api-api euweuh nanaon.

Sajongjonan pada cicing, teuing naon nu rèk diomongkeun. Ti mana rèk ngamimitiannana. "Har... naha ieu tèh pada cicing nya..hèhè. Kumaha anak pamajikan sarèhat ?" Ojak nanya deui. "Alhamdulillah sarèhat. Jak kuring rèk nanya." "Nanya naon ?" "Kieu yeuh. Tadi beurang, kuring tèh papanggih jeung babaturan nu geus lila teu tepung. Teu deukeut, ngan saukur kenal, saukur apal." "Lalaki atawa awèwè babaturannana tèh?" Ojak nanya, motong omongan kuring. "Awèwè," kuring ngajawab. "Tah, tah, jigana rada haneut yeuh lamun awèwè mah," Ojak ngaheureuyan kuring. "Ah, haneut henteu, panas ogè henteu. Ngan paur katutuluyan, hahaha," kuring mairan heureuyana Ojak, sok sanajan aya kasieun ogè. Ojak ngan saukur ngadèhèm dina telepon ngadèngè jawaban kuring tadi. "Jigana moal anggeus sapeuting lamun dicaritakeun ayeuna. Ngan kuring hayang gancang bèrès saanggalna, bisi èpisodena panjang jiga sinètron dina tipi," ceuk kuring rada hariwang. Pok Ojak ngomong, "Kieu wè atuh, isuk pabeubeurang urang ngobrol di tempat anu biasa urang ngawangkong. Jigana isuk kuring rada rinèh. Kabeneran di pagawèan keur teu sibuk teuing. Kuring bisa nyelang, izin kaluar

heula." Kuring rada atoh ngadèngè kasanggupan Ojak. "Alhamdulillah ari bisa mah. Ku kuring isuk ditungguan nya. Geus heula atuh, bisi di dinya geus tunduh. Kuring ogè rèk sarè." "Sok atuh," ceuk Ojak. "Assalamu'alaikum." Kuring mungkas obrolan, bari tuluy mareuman hapè. Dug kuring sarè gigireun pamajikan.

\*\*

Dina waktu nu geus ditangtukeun, kuring datang tiheula di tempat paranti ngawangkong nu geus dijangjikeun. Nungguan Ojak, kuring milih diuk dina korsi hareupeun méja di juru nu rada nyingkur ambèh rada jongjon engkè ngobrolna. Luak-lieuk nempo sakurilingna, masih kènèh sepi. Ngan aya hiji dua jalma nu dariuk. Dibarengan ku hawar-hawar sora musik, matak genah kana hatè, matak pikabetaheun nu dariuk. Kuring ogè milu ngahariring dina hatè, tamba kesel nungguan babaturan nu acan aya waè.

Teu kungsi lila, nu ditungguan jol datang. Kaciri ti kajauhan kènèh, manèhna culang-cileung nèangan kuring. Ku kuring gancang digentraan rada tarik meueusan. "Jak, Ojak." Nu digentraan ngalieuk. Ku kuring digupayan. Ojak nyampeurkeun, tuluy gèk

diuk dina korsi hareupeun kuring. "Lila nungguan, Lur?" Ojak nanya. "Nya lumayan, untung kabèbènjokeun ku sora musik. Jadi teu karasa lila," jawab kuring. Sanggeus kaciri diukna rada merenah, kuring nawaran inuman. "Rèk pesen naon, Jak?" "Kopi wè kuring mah, ambèh rada cènghar. Ari aya hawar-hawar musik tèh, kuring mah sok kabawa nundutan..hèhè." Teu diengkèkeun deui, kuring gancang ngagupayan pramusaji, pesen kopi dua cangkir ditambah opieun nu lianna.

"Jadi kumaha caritana awèwè èta tèh? jigana piramèun..hèhè." Ojak ngamimitian muka carita. "Kieu caritana tèh." Kuring ngarènghap rada jero rèk nyaritakeun kajadian poè mangkukna. "Èta awèwè tèh ngan saukur kenal. Apal ngaran jeung rupa, teu apal jeroannana mah. Pènah gawè bareng hiji kagiatan. Ari kuring mah jeung saha waè gè akrab. Sabab ngagampangkeun gawè, ngahampangkeun beban supaya gancang rèngsè pagawèan." Ojak kerung ngabandungan carita kuring. Sakali-kali seuri konèng. "Terus kumaha deui?" Ojak jiga nu panasaran. Kuring neruskeun carita, "Tah meureun awèwè èta tèh ngarasa deukeut, kabeuli hatèna. Jadi beuki wani." Ojak

nèmipas, "Wani kumaha ?" "Enya èta kaciri tina rindatna. Da kuring tèh lalaki. Apal, anu biasa-biasa euweuh nanaon, jeung anu aya hatè. Lain kuring gèèr. Ieu kabuktian manèhna wani rèk ngusap pipi kuring bari jeung luwa-lewè, gutak-gitek, dibarengan ngomongna ngahaja mancing-mancing." Ojak molohok hèlok ngadèngè carita kuring. "Terus jadi ngusap pipi didinya ? Milik èta mah..hahaha." "Iss..henteu. Kuring langsung luncat, bari ngurilingan mèja, da manèhna ngungudag. Untung euweuh nu nempo. Mun aya batur nu nempo, kuring èra." Kuring nyaritakeun kajadian harita. "Naha makè jampè naon atuh ari didinya, èta awèwè ngungudag nepika kabungbulengan kitu?" Ojak kalahka ngaheureuyan kuring. "Kuring gè teu ngarti, naha nepika kieu. Padahal kuring mah ka sasaha sarua baè. Jak, bantuan kuring. Kudu kumaha alusna. Bisi katutuluyan." Kuring minangsaraya ka Ojak. "Lain kuring jiga jalma nu alim, beresih tina dosa, da kuring gè meureun pasti loba kasalahan. Ari nu kieu mah kuring tèh palaur. Der engkè katohyan ku batur, terus nepi ka pamajikan. Atawa kanyahoan ku anak jeung pamajikan. Wahh..cilaka duawelas," ceuk kuring bari ngusap tarang jeung dada. Kuring nempo beungeut

Ojak mani teu kaciri jiga nu reuwas. Meureunan manèhna geus biasa nyanghareupan pasualan anu kieu, atawa manèhna kungsi ngalaman anu sarua. "Hahaha," Ojak seuri bangun ku ngeunah, ngadèngè carita jeung nempo paroman kasieun jeung kahariwang kuring. Ngahuleng sakeudeung, pok ngomong,"Geus, tong anteb teuing mikirannana, èta mah biasa. Gogoda dunya." "Naha didinya jiga nu anteng waè, teu reuwas?" Ceuk kuring panasaran. "Hahaha..èta mah atuh biasa. Jigana èta awèwè tèh keur kumincir?" "Kumincir mah atuh keur barudak anu kakara diajar bobogohan." Ojak seuri nyèrèngèh, pok nanya, "Ari èta awèwè tèh gadis kènèh?" "Leuh meureun lamun gadis kènèh mah kuring gè moal ngabèjaan didinya..hèhèhè. Bisi diteruskeun lalakonna, jadi bèda deui caritana." "Ih..èta mah moal ah...moal kaliwat..hahaha." Ojak seuri deui bangun ngeunah naker. Kuring gè kabawa seuri, jadi wè duaan sareuri.

"Geus kieu wè atuh ayeuna mah, lamun panggih jeung èta awèwè tong dihaminan teuing. Saperluna wè," ceuk Ojak mèrè bongbolongan. "Terus kuring kudu cicing?" "Lain kitu, tapi biasa wè jiga nu euweuh nanaon. Tong nyirikeun teuing teu suka. Sabab lamun

rikuh, kaciri pisan didinya aya kasieun. Kadè bisi lila-lila jadi resep, aya hatè..hèhèhè," Ojak ngaheureuyan. Kuring rada hampang meueusan mikiran kalakuan èta awèwè, sanggeus ngomong jeung Ojak. Sok sanajan Ojak mèrè bongbolongannana bari heureuy. "Tah..ayeuna kumaha ? Masih kènèh lieur ? Hariwang kènèh ?" Ojak nanya ka kuring. Kuring nyèrèngèh bari pok ngomong,"Alhamdulillah rada hampang. Meureunan kuringna nu kudu bisa ngatur hatè. Ayeuna mah moal dihaminan teuing. Lamun panggih, ah rèk biasa wè. Mun bisa mah tong nepika paduduaan, kudu aya batur nu maturan." "Tah enya kitu. Bèbaskeun hatè sing bangblas. Sagala gè kumaha hatè." Ojak mungkas catur poè harita. Kuring jeung Ojak sasalaman. Tuluy indit ka tempat sèwang-sèwangan.

\*\*

Isuk-isuk kènèh kuring geus aya di pagawèan. Sanggeus markirkeun motor, kuring asup ka rohangan tempat gawè bari mèrèsan jèkèt ditunda dina tukangeun korsi. Gèk diuk, tuluy muka tas gandong bari ngaluarkeun lèptop rèk ngahanca pagawèan. Babaturan mimiti datang. Sarua saribuk nguruskeun pagawèannana. Keur anteng ngetik, kuring

kagareuwahkeun ku sora awèwè tukangéun nu uluk salam,"Assalamu'alaikum. Kumaha damang, Kang ?" Pas dirèrèt, gebeg, kuring reuwas. Nu aya di tukangéun tèh awèwè nu kamari dicaritakeun ka Ojak. Manèhna mani sopan pisan nanya ka kuring. "Waalai kumsalam, alhamdulillah saè," tèmbal kuring bari rada geumpeur, ngadègdèg meueusan." Kuring nempokeun sikep anu biasa, jiga euweuh nanaon. "Sibuk waè, Kang ?" "Ah..biasa wè," kuring nembal bari nahan nu aya dina hatè. Sanggeus kitu, èta awèwè tèh leumpang ka jero rohangan nu sèjèn. Ditempo ku kuring manèhna teu nempokeun paroman jeung sikep nu jiga sababaraha poè ka tukang. Ku kuring diteuteup tepika manèhna asup ka jero rohangan, angger euweuh nu anèh. "Naha kamari mah nempokeun sikep anu suka ? Atawa rarasaan kuring wungkul ?" gerentes hatè kuring.

Sajongjonan kuring ngahuleng. Reuwas, atoh, hemeng, sagala aya dina pikiran kuring. Gep leungeun kuring réflék nyekel hapé, gancang nelepon Ojak. "Jak..aman, euy," ceuk kuring bari neundeun kapanasaran.

Urang teu bisa neuleuman haté batur nu sabenerna. Rupa, paroman, rindat, jeung sikep ngan saukur sandiwara dunya. Cag !



## Néangan Ta'jil

Geus ilahar, asup bulan puasa unggal soré ramé di mana-mana. Mun manggihan tempat nu rada lega, biasana sepi, ayeuna mah pinuh ku nu daragang jeung balanja, ogé kaulinan barudak. Nya kitu deui di sisi-sisi jalan nu deukeut ka perumahan atawa lembur nu loba jiwana ogé pinuh. Loba nu ngabuburit alesannana mah. Ulin bari nungguan bedug magrib, kukurilingan, sok sanajan bari teu balanja.

Hiji waktu kuring jeung pamajikan di imah geus rensé masak, bébérés keur buka puasa. “Bu, urang ngabuburit ka luar, yu,” ceuk kuring ka pamajikan. Pamajikan némbalan,”Na atuh, ngabuburit ka mana ? di imah wé atuh, Pa.” “Ah atuh ngajaran wé jalan-jalan jiga barudak ngora..héhé..,” ceuk kuring ka pamajikan. Pamajikan ngan saukur seuri nempo pamolah kuring hayang jiga budak ngora jaman kiwari, bari terus unggeuk nyaluyuan kahayang kuring. Kuring gancang dangdan, nyisiran buuk nu kusut balas saré gogoléhéan. “Adeuuuh, bener nya hayang jiga budak ngora téh mani nyisiran sagala. Sakalian atuh maké minyak tah,” pamajikan ngaheureuyan kuring. “Minyak naon, Bu ?” kuring nanya. “Minyak jalantah..hahaha,” pamajikan sakatémballannana. “Bedul téh !”

Kuring gancang manaskeun motor sabab ti isuk-isuk acan dihaneutan. Bari nungguan pamajikan dangdan, kuring ngelapan motor ambéh teu kotor teuing. Geus lila teu ngumbah motor. “Alhamdulillah, kinclong ayeuna mah,” gerentes haté kuring.

Teu lila bérés ngelapan motor, torojol pamajikan nyampeurkeun. “Hayu atuh, geus siap yeuh”, ceuk pamajikan. Kuring gancang menerkeun

motor supaya bisa ditumpakan bari sakali-kali digerung-gerung gasna, tarik sorana jiga budak jaman ayeuna. Clék pamajikan diuk dina jok motor, diboncéng ku kuring. “Muntangan atuh, ambéh jiga budak ngora..héhé..” kuring ngaheureuyan pamajikan. Pamajikan asa-asa muntangan, rada éra rumasa geus lain budak ngora deui. Ku kuring dicekel leungeunna, ditémpélkeun kana cangkéng kuring. “Tah kieu atuh, jiga roméo jeung Juliét, meungpeung barudak keur areuweuh..héhé.”

Teu lila, geleyeng motor maju, lalaunan sabab niatna ogé jalan-jalan bari nungguan bedug magrib. Sapaparat jalan kuring duaan ngobrol, bari nyawang jaman katukang, waktu kuring duaan masih léléngohan. Ngobrol ti mimiti soal kakara panggih, ulin duaan, tepi ka pangalaman nyanghareupan calon mitoha. Sakapeung kuring duaan seuseurian, éra inget kalakuan waktu harita, aya ogé rasa waas. Duh..éndahna jaman harita. Ceuk barudak ayeuna mah “*dunia serasa milik berdua*”..héhé. Tapi ras inget ayeuna mah, umur geus nincak satengah abad leuwih. Buuk geus mimiti barodas pinuh ku huis. Awak teu sacangker baheula. Pon kitu deui pamajikan, sarua. Ayeuna mah kari

ngagedékeun barudak sing jujur, junun, gedé milikna, hasil pamaksudannana.

Teu karasa, kuring jeung pamajikan geus nepi ka tempat nu daragang jeung loba nu balanja. Loba pisan nu didagangkeun. Ti mimiti kadaharan nu atah, asakan keur buka puasa, tepi ka baju jeung kamonésan séjénna keur lebaran. Jalan beuki heurin ku nu dagang jeung balanja. Nu leumpang ampir hésé usik, leumpang pagelek-gelek. Nya kitu deui motor, komo deui mobil mah ngarayap saeutik-saeutik, kudu sabar jeung konséntrasi bisi aya nu ngadadak meuntas. Sok sanajan pinuh, nu balanja angger wé loba. Éta meureun hikmah bulan puasa. Mére rezeki ka saréréa. Nu dagang payu dagangannana, nu balanja katedunan kahayangna meuli nu dipikaresep. Kuring jeung pamajikan luak-lieuk nempoan nu didagangkeun. Sugan wé aya nu dipikaresep jeung cocok hargana. Nempo dagangan nu sakitu lobana, kuring barieukeun, rék meuli naon, rék meuli nu mana.

Bari terus panon nempoan nu kaliwatan, kuring nanya ka pamajikan, "Rék meuli nu mana, Bu ?" bari tetep konséntrasi ngajalankeun motor. "Meuli naon atuh nya, Pa..asa barieukeun kieu. Asa teu aya nu

kabita,” ceuk pamajikan ngajawab pananya kuring. Kuring terus ngajalankeun motor, mapay jalan nu pinuh ku nu gadang.

Tempat anu dagang geus kaliwatan kabéh. Ti tungtung nepi ka tungtung geus kapapay. Sakitu lobana nu didagangkeun, euweuh nu matak pikabitaen pisan. Antukna kuring ngan kukurilingan.

Kuring jeung pamajikan bungah bisa momotoran duaan. Bari ngabrangbrangkeun, nahan lapar puasa, kuring eureun heula. “Naha make eureun, Pa ?” Pamajikan nanya ka kuring. “Eureun heula wé, reureuh bari nempo sawah batur anu lega,” ceuk kuring kataji nempo sawah nu sakitu legana. “Coba mun ieu téh anu kuring” gerentes haté. Keur jongjon ngalamun, pamajikan ngagareuwahkeun,”Héy..ngalamun !” Kuring reuwas, ngarenjag. “Waas nempo sawah. Inget baheula di lembur, sawah téh pangulinan keur budak. Ngurek belut jeung babaturan, nempo nu dibuat ngala paré, lamun sawah garing sok dipaké medar langlayangan atawa maén bal.” Kuring nyawang mangsa katukang jaman keur budak kénéh. “Enya nya, Pa..ayeuna mah geus langka sawah téh, komo di kota mah. Alhamdulillah ieu aya kénéh sahiji-hijieun.

Barudak ayeuna mah sawaréh moal apal sawah, jeung deui pangulinan barudak ayeuna mah ka nu raramé waé sabangsaning mol-mol. Maén bal ogé arapaleunnana ka setadion.” Pamajikan mairan. Teu kabayang, kahareupna barudak bisa manggihan sawah atawa kebon. Nu arapal téh ngan gedong-gedong sigrong. Jalan-jalan loba mobil galede. Geus heurin ku tangtung.

Geus nempoan sawah, kuring jeung pamajikan indit deui. Kuring nyelah motor, pamajikan diuk diboncéng deui. Geleyeng motor maju. Angger jiga tadi, sapaparat jalan kuring ngobrol ngalér ngidul. Keur anteng dina motor bari ngobrol, di sisi jalan aya nu ngagentraan, “Doy, rék ka mana ?” Kuring reuwas, tuluy ngarérét ka sisi jalan. Karérét Udin, babaturan kuring waktu sakola keur nangtung di sisi jalan. Motor dierém ngadadak. “Ari bapa kunaon, ngerém ngadadak kieu ?” pamajikan nanya bari nepak taktak, bakating ku reuwas meureunan. “Duh.. hampura. Éta aya nu nggentraan di sisi jalan, babaturan bapa waktu keur ésdé.” Motor eureun, tuluy kuring jeung pamajikan turun tina motor nyampeurkeun babaturan. “Ari sugan téh saha,” ceuk kuring bari sasalaman, terus ngagabrug bakat ku sono. “Kumaha kabarna, Doy ? geus lila pisan

teu tepung nya ?” Udin nanya. “Alhamdulillah cageur. Sakitu kuring maké hélm, didinya apal kénéh ka kuring.” “Puguh wé atuh, apanan éta kumis nu jadi ciri hasna didinya. Ti keur ésdé kénéh geus aya kumisan..hahaha.” “Apanan ieu téh jimat,” ceuk kuring bari seuri. Kuring duaan seuseurian ngeunah pisan, asa inget waktu keur sakola, keur budak kénéh. Teu lila pamajikan noél, ngingetan kuring yén kuring téh teu sorangan. “Éh Din, ampir waé poho. Kuring téh teu sorangan. Kenalkeun ieu pamajikan kuring, nu kabéngbat ku kumis..héhé,” ceuk kuring bari heureuy. “Assalamu’alaikum.. nepangkeun, abdi Udin. Balad Odoy waktos ésdé. Balad heureuy, gogonjakan sareng nu sanésna.” Udin ngenalkeun diri maké basa nu lemes bari ngasongkeun leungeun rék sasalaman. Pamajikan sasalaman jeung batur kuring. “Oh..walaikumsalam, muhun,” pamajikan némbalan bari nampa sasalaman ti babaturan kuring.

Waktu nu geus lila teu tepung, teu megatkeun tali silaturahmi. “Ari didinya rék ka mana ?” Udin nanya ka kuring. “Ieu mah jalan-jalan wé, bari ngabuburit nungguan bedug magrib. Meungpeung barudak geus galedé. Ayeuna mah bisa paduduaan, asa

inget keur ngora,” ceuk kuring. Kuring nanya deui ka Udin, “Ari Udin keur naon nangkring sisi jalan ?” “Ah biasa wé, nungguan nu ngaliwat..héhé..sarua jeung didinya, ngabuburit. Di imah kararesel sorangan. Barudak geus séwang-séwangan.” “Ari pamajikan ka mana ?” kuring panasaran pédah Udin teu nyaritakeun pamajikannana. “Geus ampir sataun maot. Geuring awalna. Jadi ayeuna kuring ngaduda,” ceuk Udin bari rada dareuda, matana kaciri rada ngeyembeng cimata nu ditahan supaya teu ngeclak. Kuring milu ngalimba ngadéngé nu dicaritakeun ku Udin. “Hampura, Din. Kuring milu bélasungkawa. Di dinya kudu kuat. Tingali budak gedé keuneun, sumanget.” Kuring nyumangetan Udin, sok sanajan kuring gé can karuhan bisa sakuat Udin. Ngobrol uplek, teu karasa waktu nyérélék geus maju téréh ka magrib. Kuring jeung pamajikan pamit neruskeun momotoran.

Saméméh népi ka imah, kuring nyimpang heula ka tukang céndol. “Mang bungkus opat,” kuring pesen céndol opat bungkus ka Mang Surya, langganan kuring ti keur budak kénéh. “Siap, laksanakan !” Mang Surya parigel mungkus céndol kana pelastik, teu poho maké gula jeung cipati. Céndol Mang Surya kawentar di

lembur kuring. Ngeunah, murah, jeung soméah nu dagangna. “Ti marana ieu téh ? duaan waé ?” Mang Surya nanya bari teu eureun mungkusan céndol. “Ah..biasa wé, Mang. Ngabuburit bari nungguan Magrib. Jiga barudak ngora, paduduaan..héhéhé. Barudak geus galedé.” “Geus nyalsé ayeuna mah nya.” “Alhamdulillah, Mang,” ceuk kuring bari neuteup Mang Surya. Asa angger ti baheula, teu robah. Awét ngora. Cendol geus réngsé dibungkusan. Kuring ngasongkeun duit, mayar céndol.

Réngsé meuli céndol, kuring jeung pamajikan momotoran deui, muru imah. Pas hareupeun imah, ngong adzan Magrib. Kuring jeung pamajikan gancang asup ka imah, niat rék ngabatalan buka puasa.

Alhamdulillah loba hikmah tina ngabuburit. Kuring bisa paduduaan kukurilingan jeung pamajikan, leuwih ngaraketkeun tali asih, manjangkeun silaturahmi jeung babaturan. Nu utama muji syukur dibéré kabagjaan. Cag!



# Nu Ngaharéwos

Gubrag... Kadéngé sora ranjang di jero kamar. Kuring reuwas. Gancang cengkat tina diuk, muru ka kamar. Kasampak pamajikan keur ceurik inghakinghakan bari paroman siga nu sieun. Kuring nyampeurkeun sabab hariwang. Pamajikan nangkeup bari nyekel leungeun kuring pageuh pisan. Panonna peureum bari sakali-kali beunta, ngarérét ka sakuriling kamar, terus peureum deui. Kuring teu wani nanya heula, sabab nempo pamajikan jiga nu kasieunan pisan. Ku kuring ditangkeup pageuh pisan, ambéh rada leler tina kasieunna.

Sanggeus rada leler.

“Bu, ieu nginum heula ambéh rada tenang !”  
Ceuk kuring nitah nginum ka pamajikan bari

ngasongkeun gelas eusi cai hérang. Pamajikan nurut, nginum bangun hanaang jiga nu kacapéan. “Alhamdulillah... asa ku capé pisan. Ti tatadi kokoséhan, gogorowokan, euweuh nu mantuan !” Pamajikan ngomong bari satengah ambek. “ Har..ari Ibu. Saha nu kokoséhan jeung gogorowokan ? Bapa mah teu apal. Bapa mah nyampeurkeun sotéh pédah ngadéngé sora ranjang ngagubrag tarik pisan”. Pamajikan semu bingung ngadéngé jawaban kuring.”Ari tadi Ibu lumpat di mana nya ?” Bari kerung pamajikan mikiran kajadian nu asa karandapan ku manéhna. “Ngimpi meureun ?” Ceuk kuring nanya ka pamajikan. Sanggeus ngarénghap rada panjang, pamajikan nyarita deui, “Tadi téh, aya nu ngaharéwos kana ceuli Ibu, terus dibebetot ku lalaki jangkung badag diajak ka hiji tempat. Ibu nolak. Sataker kebek Ibu ngalawan bari gogorowokan ménta tulung. Ibu apal aya Bapa di tengah imah, sora Bapa masih kadéngé. Makana gogorowokan ménta ditulungan.” Bari nging ceurik deui, napasna engah-engahan nahan kareuwas. Di luar imah kaayaan simpé sabab geus tengah peuting. Ngan sora jangkrik, sakali-kali anjing babaung jeung hawar-hawar sora angin matak keueung wanci harita.

Haté pamajikan guligah mikiran nu geus karandapan ku manéhna. Kuring satékah polah ngalelerkeun haté pamajikan sangkan teu kabaud ku pipikiran nu teu kahontal ku akal. Antukna pamajikan peureum tibra bakating ku capé. Kuring oge nya kitu milu peureum.

Wanci janari kuring nyaring. Rét ditempo pamajikan masih kénéh tibra. Kuring cengkat tina ranjang, terus ka cai sakalian wudu niat sholat peuting. Réngsé wudu kuring ngamparkeun sajadah bari rét deui ka pamajikan. Aya rasa hariwang ku kajadian tadi peuting. Réngsé sholat kuring ngadu'a kanu kawasa sangkan ditebihkeun tina balai, pamajikan ditebihkeun tina sagala cobaan. Saterusna kuring ngaji bari nungguan waktuna sholat subuh.

-----

Isuk-isuk panonpoé geus moncorong. Kuring siap-siap rék indit gawé. Pamajikan geus nyiapkeun sarapan. Kuring sarapan dibaturan ku pamajikan. “Pa, lamun tos réngsé damel, énggal mulang nya !” Pamajikan ménta kuring gancang balik. “Kunaon ?”... “Asa karareueung mun Ibu sorangan téh, sok kabayangkeun nu tadi peuting.” Ceuk pamajikan bari semu sieun. “Ah... moal aya nanaon, éta mah rarasaan

Ibu wungkul. Sing loba ngado'a wé" Kuring nyoba nenangkeun haté pamajikan, sok sanajan haté mah aya rasa hariwang.

Réngsé sarapan kuring indit gawé. Pamajikan di imah sorangan.

Imah sepi. Pamajikan teu puguh cicing, teu puguh rampa. Rarasaan aya nu nempokeun, aya nu nuturkeun. Tapi ari dirérét ka tukang, euweuh sasaha. Kitu jeung kitu waé. "Aduh..ieu uing teu ngeunah haté. Nun Gusti, pasihan kakiatan ka abdi" Gerentes haté pamajikan, neger-negerkeun manéh.

Pamajikan sagawé-gawé di imah. Sagala dicabakan, sagala dibérésan. Indit ka dapur, teu lila sasapu di buruan. Kaluar kajero imah supaya aya kagiatan, henteu cicing, ngabangbalérkeun manéh supaya poho kana kajadian peuting tadi.

Teu karasa geus wanci tunggang gunung, soré maju ka sariak layung. Pamajikan nungguan kuring. Waktu kuring datang, pamajikan katingal atoheunnana sabab aya batur di imah. "Assalamu'alaikum", Ceuk kuring uluk salam. "Walaikumsalam", pamajikan némbalan. "Alhamdulillah Bapa geus mulang, Ibu aya batur deui. Teu tiiseun." Ceuk pamajikan bari

solongkrong nyium leungeun kuring, terus pangmawakeun tas gawé. Kuring ngalungsar dina samak, bakating ku capé digawé ti isuk jedur nepika soré jedér.

Teu karasa, wanci geus magrib deui. Sakabéh jalma geus ngarampih ka imahna séwang-séwangan. Lampu imah tatangga geus caraang, nandakeun langit geus poék. Kaayaan lembur geus tiiseun pisan. Nu kadéngé di luar ngan sora gaang. Kabiasaan kuring, sabada magrib jeung isya téh, sok ngopi bari lalajo tipi. Ari pamajikan, sakapeung sok maturan, sakapeung mah sok anteng di kamar bari bébérés istrikaeun. “Pa, Ibu mah asa geus tunduh ah..” Ceuk pamajikan. “Sok atuh kadinya geura peureum ari geus tunduh mah.” Kuring némbalan. “Enya asa cararapé kieu, paregel awak. Kudu dilempengkeun meureun ieu awak téh.” Pamajikan ngagéléhé dina kasur, bari disimbut saeutik sukuna. Kuring ngagerentes,”Alhamdulillah... jigana pamajikan geus pohoeun kana kajadian kamari.”

Kuring jongjon, anteng lalajo tipi. Kabeneran acarana ramé, komo deui bari dibaturan ku sacangkir kopi hideung. Teu sabaraha lila, kuring ngadéngé aya sora anu ngageroan tapi hawar-hawar teu jelas. Ku

kuring teu pati dipaliré. “Jigana éta mah sora jalma nu ngaliwat di jalan hareupeun imah,” Gerentes haté kuring. Lila-lila sora téh kadéngéna asa beuki kerep, beuki narikan. Gebeg haté kuring reuwas, inget ka pamajikan nu keur saré di kamar. Kuring luncat tina korsi, asup ka kamar. Kasampak pamajikan keur adug-adugan bari gogorowokan, sorana teu jelas, jiga nu kapengkek. Ku kuring diguyah-guyah sina hudang, “Bu...bu...héy..hudang !..hudang !” Kuring ngomong sorangan bari pepeta tutunjuk ka luhur kamar jiga nu enya,” Jurig nyingkir, setan nyingkah..tong ngaganggu manusa.. alam kuring alam manéh..Tong ngaganggu.” Kuring teu eureun babacaan sabisa-bisa bari terus ngahudangkeun pamajikan. Pamajikan beunta bari luut-léét késang, bangun ku capé. Panonna neutep kosong ka kuring. Ku kuring diguyah-guyah deui supaya sadar. Teu lila..nging ceurik bari nangkeup, embung lesot jiga kamari. Ku kuring ditangkeup pageuh pisan bari teu leupas tina babacaan. “Bu, kunaon ? Jiga kamari deui nya ?” Kuring nanya lalaunan ka pamajikan. Pamajikan ngan unggeuk, teu ngomong. Kuring surti. Pamajikan masih ceurik bari nangkeup beuki pageuh pisan. Kuring nanya deui, “Aya nu ngaharéwos deui ?” Pamajikan

unggeuk. “Aya nu ngajak jeung memetot deui ?” Pamajikan unggeuk deui. “Astagfirullohaladzim... Naha ieu mahluk téh ngaganggu waé, naon atuh kahayangna téh ?” Gerentes haté kuring. Ras kuring inget, yén ayeuna téh peuting Jumaah. Simpéna peuting mawa kuring ngalenyepan ieu kajadian, ngaji diri. Kuring ngan ukur nyawang, mikiran, naon nu nyababkeun pamajikan kieu ? ..Kuring neuteup pamajikan.

-----

Isukna, rebun-rebun kénéh kuring jeung pamajikan indit muru imah Pa Haji. Salah saurang nu dipikolot dina bagbagan agama. Trok-trok-trok... kuring ngetrok panto. “Assalamu’alaikum.” Ceuk kuring. Teu lila aya nu mukakeun panto. “Waalaiikumsalam.”. Alhamdulillah nu mukakeun panto teh pa haji pisan. “Aeh..geuning Ujang jeung Nyai, kumaha calageur ?” Pa Haji ngabagéakeun. “Muhun, Pa Haji. Alhamdulillah, waruga mah séhat.” Témbal kuring. “Sok kadieu arasup. Bébas rék di mana “. Pa Haji nuduhkeun tempat diuk ka kuring. Kuring jeung pamajikan gék diuk di hiji korsi di rohangan sémah. Pa Haji muka catur, “Aya naon ieu téh, asa

rareuwas, geus lila tara kadariieu.” Dibuka catur kitu ku Pa Haji, kuring capétang ngadongéngkeun kajadian nu karandapan ku pamajikan. Pamajikan mah ngan cicing ngadéngékeun kuring bari rada ginggiapeun. Pa Haji ngan seuri konéng, nempo kuring capétang nyarita. “Heup..heup..heup..geus. Pa Haji apal, naon nu karandapan ku pamajikan didinya.” Kuring eureun nyarita, padahal can réngsé dongéngna. “Tah Pa Haji rék nanya, ari Nyai lamun ditinggalkeun gawé sok naon waé di imah ?” Pa Haji nanya bari neutep seukeut pisan. “Ari biasana mah, sok bébérés sarupaning sasapu, ngepél, masak. Mun tos rengsé, cicing ningal tipi.” Ceuk pamajikan ngajawab bari terus nanya ka Pa Haji. “Ari kitu kumaha, Pa Haji ?”. Pa Haji tungkul bari rada kunyam-kunyem. Sakali-kali tanggah neutep lalangit imah. Kuring jeung pamajikan silih pelong bari merhatikeun. “Enya..imah téh, jajalaneun pangliwatan mahluk séjén. Mun keur ngaliwat, kabeneran Nyai didinya sasapu atawa bébérés nu séjénna, manéhna ngarasa kaganggu.” “Teras kumaha, Pa haji ?”. Kuring jeung pamajikan nanya ampir bareng bakat ku panasaran. “Terus Nyai, lamun keur sorangan sok loba ngalamun, jadi pikiran kosong. Mahluk nu kitu mah

resepeun kanu kitu téh.” Pa Haji atra pisan ngajelaskeunnana. “Janten abdi sareng pun bojo kedah kumaha, Pa Haji ?” Ceuk kuring bari ngarénghap rada panjang, saeutik lega geus kanyahoan akar masalahna. “Ayeuna mah sing loba éling, inget ka Nu Kawasa. Tong loba ngahuleng. Anggur mah sing loba ngaji. Coba ngaji di sababara rohangan imah. Ambéh kabéhannana katempatan ngaji ku urang.” Pa Haji mapatahan. Kuring sadar, ku kasibukan pagawéan, pon kitu deui pamajikan capé ngurus imah, ngajina kakapeungan. Sakapeung inget, sakapeung poho. “Leres, Pa Haji. Insya Allah ku abdi sareng pun bojo badé dilakonan.” Kuring ngaenyakeun naon nu ku Pa Haji dititah. “Tah kitu. Yeuh ku Pa Haji dibekelan cai sabotol jeung uyah meunang ngajampéan..héhéhé..pélkeun kana témbok bari babacaan ambéh bareresih” Ku kuring ditampa. Geus kitu mah kuring jeung pamajikan pamit balik ka imah.

-----

Haté kuring jeung pamajikan lega. Nepi ka imah, kuring jeung pamajikan bébérés imah, supaya katingal hégar. Cai jeung uyah dipélkeun kana témbok sakumaha nu dibéjaan ku Pa Haji. Unggal peuting

didawamkeun ngaji di tiap rohangan. Ti saprak harita, Alhamdulillah kaayaan tenang. Pamajikan tara ngalaman deui hal-hal jiga nu geus kasorang.

Hikmah tina ieu kajadian, kuring jeung pamajikan jadi leuwih geugeut, leuwih inget ka Nu Kawasa, nu nyiptakeun urang saréréa. Moga urang salawasna aya dina panangtayungan Gusti nu Maha Suci...aamiin. Cag!

## NU NULIS



**YADI KUSMAYADI, S.Pd.** Lahir di Tasikmalaya, 7 Februari 1970. Resep kana puisi jeung prosa ti mimiti SMP.

Sabab resep kana dunia seni sastra, kuliah di FKIP Universitas Pasundan Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia.

Ku bimbingan satrawan, budayawan, sejarawan Sunda, Bapa Yoseph Iskandar, jeung babaturan ngadegkeun Teater Rangkap jeung kelompok menulis kreatif di Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia sarta jadi anggota Teater Lingkung Seni Mahasiswa (LISMA) Unpas. Dina kasempetan éta, pernah maén drama *BLONG* Putu Wijaya (1991), *RESTORAN ANJING* Saini KM (1991), *EGON* Saini KM (1993), sarta maén sinétron *TVRI ENGKAULAH BAYANGAN* Yoseph Iskandar (1994).

Pernah nulis naskah drama *HUH-HOH* dina acting course (1992), naskah sandiwara *TAUBAT*

(1993), naskah kabaret *DUR DER SRA* (2003). Karya nu séjénna sababaraha naskah kabaret *PAHLAWAN* (2016), *PADAMU NEGERI* (2017), *TERIMA KASIHKU* (2017), *CERIA BERSAMA* (2018), *KERINDUAN IBU* (2019) sakalian jadi sutradara pementasanna (keur di lingkungan sorangan). Kumpulan puisi *SEBAIT INGATAN SECERCAH KENANGAN* (2009), *MARI BERMAIN GITAR* (2015), antologi puisi *INSPIRASI DI TENGAH PANDEMI* (2020), *Kumpulan Naskah Kabaret INSPIRASIKU* (2020), gawé bareng antologi sajak Sunda *MULANG* (2021), antologi puisi gawé bareng *BANGGA MENJADI GURU* (2021), gawé bareng antologi carita misteri *NU KEKETROK TENGAH PEUTING* (2021), gawé bareng antologi sajak Sunda *DANGIANG DEWI* (2022), Buku antologi Puisi Sonian gawé bareng *RELIGIUSITAS SONIAN TASIK* (2022), Antologi puisi gawé bareng *TAK PERLU BERSEDIH* (2022), *JINGGA DI UJUNG SENJA* (2023), *SAVE PALESTINA* (2024), *PESTA RAKYAT* (2024), *MARHABAN YA RAMADHAN* (2024), cerpen/carpon *NALANGSA RINDU* (2022), nulis carpon dina Majalah Mangle sarta sababaraha

puisi jeung cerpen/carpon maké ngaran samaran **Y. Koes'** atawa **Abidham**.

Préstasi nu kantos dihontal nyaéta janten pinunjul kahiji anugerah Een Sukaesih Award Guru Inspiratif Propinsi Jawa Barat tahun 2019 kategori guru SD/MI/SDLB, sarta aktif janten pangurus dina ngokolakeun kagiatan di lingkungan masyarakat.

Ayeuna, di Komplek Manglayang Sari Blok A7 no.18 RT.03 RW.13 Kelurahan Palasari Kecamatan Cibiru Kota Bandung jeung saurang istri *Meilina Kustrini, S.Pd.* dua putra, hiji putrid, nyaéta *M. Ikhsan Kusma Pratama, Tsaniya Putri Kusmaghassani*, jeung *M. Idham Kusma Tertian*.

Pangalaman ngajar : Guru (2003 – 2010), Kepala sakola (2010 – 2016), Guru (2016 – ayeuna) di SD Terpadu Krida Nusantara.

*“Hirup nu sebenarnya nyaéta poe ieu.*

*Kamari mangrupa katineung, isuk ngan ukur lamunan.*

*Pilampah nu hadé unggal poé, kudu hormat ka saluhureun, hadé ka sasama, nyaah ka sahandapeun”*

